ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№179 (22.087) ● 2011 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 24, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Мэкъумэш банкымрэ я зэгурыІуэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ «Урысей Мэкъумэш банк» ОАО-м и правленэм и тхьмадэ Патрушев Дмитрийрэ фокІадэм и 21-м Москва къалэм Іэ щыщІадзащ 2008 - 2012 гъэхэм Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымкІэ къэрал программэм кьыщыгъэлъэгьуа Іуэхуэхэр дгъэкІыным и лъэныкъуэкІэ зэрызэдэлэжьну зэгурыІуэныгъэм. Ар хуэунэтІащ мэкъумэш хозяйствэр зыхуейхэм папщІэ я кредитхэм зегъэубгъуным, ди щІыналъэм щыІэ мэкъумэш кредит кооперативым зегъэужьыным.

КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ Урысей Мэкъумэш банкыр ди республикэм жыдэжьру кьызэрыддэлажьэр. «Мы банкым и щІыналъэ Іуэхуэщ Іапэу ди деж щыІэм ит кредитхэр иужьрей зэманым хуэди 4-кІэ нэхъыбэ хьуащ, ар жыдэжьру хэту Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащІэ зэманкъэІуэнум сэбэпшхуэ къэхъыхьну агропроект ину зыбжанэ. Абы кьыхэкІыу апхуэдэ зэдэлэжьныгъэм зегъэубгъуным ди дежкІэ икъукІэ мыхьэнэшхуэ и Іэш»,- жиІащ Къанокъуэ Арсен.

Іэ зыщІадза документым ипкъ иткІэ къэрал программэр гъэзэщІным КЪБР-м и бюджетым и ахъшэ хуаутІыпщынущ, мэкъумэш продукцэ къэзылэжьэм банкым и пащхьэ кьыщІэщтэж къалэнхэр гъэзэщІэнымкІэ къэрал щэсыпІэхэр къахуэригъэпэщынущ, абы папщІэ щэсыпІэ, сакъылэт (мыльку) фондхэр республикэм щызэтегъэувэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу хьунущ.

Езым и лъэныкъуэкІэ Урысейм и Мэкъумэш банкым агропромышленнэ комплексым папщІэ кредитхэр, абыхэм ящыщу Іэнатіэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм папщІэ инвестицэ кредитхэр, КЪР-м и мэкъумэш Іэнатіэр иджырей техникэмрэ технологиехэмкІэ кьызэгъэпэщыным хуэунэтІа кредитхэр нэхъыбэ ищІынущ. Банкым апхуэдэ кьалэну зыхуегъэувыж пыухыкІауэ мэкъумэш продукцэ къэлэжьным пымыщІа Іуэхуэхэм - къуажэ туризмым, къуажэ сатум, щІыхубэ ІэщІагъэхэм зегъэужьыным, щІыхуэм социальнэ-щэнхабзэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэным, губгъуэхэмрэ мэзхэмрэ кьыщыкІ пхъэщхьэмыщхьэхэр, мэракІуэхэр, хущхьуэгъуэу щыт къэкІыгъэхэр зэхуэхьэсыным трагъэкІуэдэн папщІэ ахъшэ кьиутІыщыну.

Псалъэм кьыдэкІуэу къэдгъэлъэгъуэнщи, Урысей Мэкъумэш банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхутхьэпІэм нобэм ирихьэлІэу кредиту сом мелард 19,6-рэ итащ. Псоми я процент 70-р трагъэкІуэдэнущ республикэм и агропромышленнэ комплексым щагъэзащІэ программэхэмрэ проектхэмрэ. Мы Іуэхуэщ Іапэм 2011 гъэм и ящэ илъэс ныкъуэм ита кредитхэм я бжыгъэмкІэ Урысей Мэкъумэш банкым и Іуэхуэщ Іапэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэхэм я деж ящэ увыпІэр щиубыдащ.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ Іапэм и лъэныкъуэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Къанокъуэ Арсенрэ Мутко Виталийрэ тепсэлъыхьащ КЪБР-м щІыхубэ спортым зыщегъэужьыным

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен махуэку кІуам Москва щыхуэзащ УФ-м спортымкІэ, туризмымрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министр Мутко Виталий.

А ЗЭІУЩІЭМ хэта, КЪБР-м спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министр Афіэунэ Аслъэн хъыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, зэІущІэм кьыщІэта Іуэху нэхъыщхьэр «2006 - 2015 гъэхэм Урысей Федерацэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» федеральнэ программэ хэхар ди республикэм зэрыщагъэзащІэрщ. Кьапщтэмэ, зыубгъуауэ хэпльащ федеральнэ дэІэпыкъуныгъэкІэ Налшык дащІыхь Бэнакіуэхэм я унэр дызыкъуэкІуэ илъэсым хьэзыр хьун папщІэ зыхуэныкъуэхэм, апхуэдэу республикэм и Сабий стадионыр зэрызэрагъэпэщыжым.

А псоми къадэкІуэу КЪБР-м и Президентым Мутко Виталий щыгъуазэ ищІащ футболист ныбжьыщІэхэр щагъэхьэзыр центрым и проектым. Ар Налшык къалэм дащІыхьынущ, щаухуэну щІыпІэри яубыхуащ. Къанокъуэ Арсен къыхиГъэщащ футболист ныбжьыщІэхэр гъахьэзэрыныкІэ центрыр ухуэныр, спортым и Іэнатіэм ехьэлІауэ иджыпсту республикэм щагъэзащІэ проектэр Урысейм СпортымкІэ, туризмымрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэм къыдІидыгъыну зэрыщыгугъыр.

ЗэІущІэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ ди республикэм щІыхубэ спортым зэрызыщыжьыным.

«Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я процент 15-м спортым зыхуэгъасэ. А бжыгъэр 2015 гъэм ирихьэлІэу процент 40-м нэдгъэсыну ди мурадщ. ЗэІущІэм дэ дыщытепсэлъыхьащ кьытпэщыт кьалэнхэр дгъэзэщІэн икІи дызыхуэплъэ мурадхэр зэдгъэхъулІэн папщІэ спорт Іуэхуэщ ІапІэу, спорт ухуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэу республикэм и жылагъуэхэм дэтщІыхьын хуей бжыгъэми», - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

ЗэІущІэм и кІэухым КЪБР-м и Іэтащхьэм Мутко Виталий фІыщІэ хуищІащ ди жэрдэмхэр кьызэрыддиІыгъым, Урысейм СпортымкІэ, туризмымрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэр ди Іуэхуэхэм жыдэжру зэрыхэтым папщІэ. ЗэІущІэм апхуэдэу щыгъэзыІуэ 2012 гъэм зэщІыгъуу ялэжьынухэр.

ГЪЭУНЭ Светланэ,
КЪБР-м СпортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхуэщ ІапІэ.

●Политикэ партхэм

«Урысей зэкъуэтым» и зэхуэсыр къызэІуах

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым Къэрал Думэм и хэхыныгъэхэм и пэ кьихуэу иригъэкІуэкІ съезд-ыр дыгъуасэ Мэзкуу кьыщызэІуахащ. Абы Льэпкъ программэр къэщащтэнуэр хэхыныгъэм зэрыхэтыну спискэр щызэхагъэувэнущ.

СЪЕЗДЫМ и лэжьыгъэм хэтщ къэралым и щыпІэ псоми кьикІа лыкІуэрэ къарагъэблэгъауэ цыхуу минипщІым нэбдлагъэ. «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ кьудамэм кьыбгъэдэкІыу абы кІуащ делегат пщыкІуз. Зэху эсыр зэрекІуэкІым тегхыхьынущ дунейпсо, урысейпсо, щыпІэ цыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я журналист 1400-м щІигъу.

«Урысей зэкъуэт» партым и съездым и япэ махуэр Мэзкуу и «Гостиный двор» гъэлъэгъуапІэ комплексым щекІуэкІащ. Абы крихьэлІащ лыкІуэрэ кърагъэблэгъауэ 1300-м нэблагъэ. Ящэ щыкІэ делегатхэр щылэжьащ къэралым и цыхуэхэр нэхъ зыигъэплейтей унэтІныныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуэгъэпса секцэхэм. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен зыхэт «ЭкономикэщІэ», Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар зэгъэбдыдпІа «Граждан жыпагъуэ: зэдэлэжьныгъэмрэ зэхуагъэмрэ», кьищынэмыщІауэ «Социальнэ политикэ: мардэщІэхэм хуэкІуэну», «ЖКХ: зыужьыныгъэм и гъуэгукІэ», «Цыхубэр коррупцэм и бийщ», «Ерыскъы щынагъуэншагъэр - къэралым и зыужьыныгъэм и лъабжьэщ» секцэхэр.

Щэджагъуэ нэхъыбэм псори зэхуэсыжри, гуфІэгъуэ щытыкІэм тету съездыр кьиузэІу ахащ. «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и пашэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Путин Владимир абы и лэжьыгъэм хэтащ икІи кьыщыпсэлъащ.

«СызэригутъэмкІэ, нобэ кьызэІуаха съездым къэралым адэжь зэрызэнуужьыну щыкІэр щыгубзыхунущ, - кьыджиІащ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. - Дауи, ди мы зэхуэсым унафэ тэмэмхэр, зэпэшэчахэр кьыщащтэну дыпоплъэ икІи абыхэм куэдкІэ ельытащ Урысей Федерацэм и субъектхэм зэрызаужьынум, Къэбэрдей-Балъкъэрри абыхэм яхэту».

«Олимпийский» спорт уардэунэм нобэ съездым щыпищэнущ. Абы крихьэлІэну икІи и псалъэ щыжиІэну пэплъэ къэралым и Президент Медведев Дмитрий.

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и зэхуэсыр медиа зэІуІэшхуэжь фокІадэм и 25-м иухынущ. Абы журналис тхэм щахуэзэнущ УФ-м и Правительствэм и унафэщІхэр, къэралым и цыхуу щІрыпІуэхэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.
Мэзкуу къалэ.

Гъунапкъэ зэхуэщІахэр

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ Іуэхуэщ Іапэм дыгъуасэ кьызэритамкІэ, Ираным щалъэкІ зэхуищащ Пакистаным хуиІ кьэрал гъунапкъым хуиІ КПП исори, абы и Белуджистан провинцэм щыІэ Мастунг къалэм сунит экстремист гупхэм взэмахуэ щинту 30 хуэдиз яукІа иуэжь. Ахэр автобускІэ Ираным кІуэу арат.

Къэрал гъунапкъэхэр зэхуэщІауэ зэрыІыгъыну пІалъэр зыхуэдизым теухуауэ Ираным и властым зэкІэ хьыбар лъэпкъ кьитакъым. КПП-хэр зэпызыупщІыну хуит ямыщІыр хьэрычэтыщІэхэм я транспортхэмрэ махуэ кьэс гъунапкъэм зэпрыкІ лэжьа-КІуэхэмрэщ. КъэралитІми я паспорт зиІэхэр кьызэтрагъэувыІэркъым.

А къэрал гъунапкъэр Ираным ипы мы гъэм иджы ещанэрэ зэхуещІ, хьэлъэзехь транспортыр егъэлеяуэ зэрызэтрихьэми, абы кьишэ адрей гугъуехьхэми зыкІи емыплъу.

Я фІэщ ищІыну?

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ Іэнатіэм кьызэритамкІэ, ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 66-нэ зэхуэсым кьыщысалъэу, Куржым и президент Саакашвили Михаил щыжиІащ щІыналъэр зэуІу ящІыжыным хущІэкьуу Іэнатіэр къаруго и къэралым кьимыгъэсэбэныну. Иджы ар попльэ мамырыгъэм хуэунэтІауэ иджыдэ Іуэхуэм пэувыж жуэн даэу Урысей Федерацэм къыпыжыным.

Куржым и президентым и сессиехэм зэхуэсахэм ягу кьигъэкІыжащ илъэс и пэкІэ жиІауэ зэрыщыта «Куржым и щІыналъэу Урысейм иубыдахэр кьиштэжьын папщІэ, и къэралым зэи кьару кьиузэрымыгъэсэбэныну».

- Илъэс мэхъу юридическэ кьару иІэу Европарламентым и пащхьэ а Іуэхуэгъэр кьалэн зэрызыщысссщІыжр, ауэ мамырыгъэм хуэгъэзауэ Урысейм нобэр кьыздэсым зыри иджжакъым, - жиІащ Саакашвили.

А псом я щыІужжІэ Куржым и президентым Урысейм и ФСБ-ригъэжъуэншащ, я щІыналъэм теракту пщІы бжыгъэхэр щалъжьауэ жиІэри.

Зэхуэсахэм ныжьІэ я фІэщ ищІыну хэтащ «а Іуэхуэгъэхэр кьрищІэми, мамырыгъэ быдэ зэтеублажьынымкІэ хуэунэ-тІауэ фІэкІа Урысейм хуэгъэзауэ Куржыр зэрымылажьэр».

Мы махуэхэм

ФокІадэм и 24, щэбэт

♦Илъэс 15 и пэкІэ Нью-Йорк, ООН-м и штаб-фэтэрым Іэ щІадзын папщІэ хуит щащІащ яденрэ Іэщэ тхьэунэхуныр зыми хуэмыдэнымкІэ зэгурыІуэныгъэр.

♦ФокІадэм и 24 - 26-хэм Вашингтон (США) щызэхэтыжащ. Дунейпсо банкымрэ Дунейпсо валютэ фондымрэ я унафэщІ органхэм я бжьыкъэ сессие.

♦1765 гъэм пщы, дзэзешэ **Багратион Петр** къалъхьащ. 1812 гъэм Бородино и деж зэуэм щыхэкІудащ.

♦1948 гъэм кІалъхуащ усакІуэ **Семэн Руслан.** 1985 гъэм дунейм ехыжащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«meteonovosti. ru». сайтым къызэритамкІэ, нобэ Налшык уэшх къыщІешхынущ, хуабэу махуэм градус 20, жэщым - градус 15 щыІэнущ.

ФокІадэм и 25, тхьэмахуэ

♦**Дэгуэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦Илъэс 20 и пэкІэ РОСТО-р ДОСААФ-м кьытепщІыкІыу къызэрагъэпэщащ.

♦Франджым и сенатым (парламентым и ищхьэ палатэм) и хэхыныгъэхэр екІуэкІынущ.

♦ФокІадэм и 25 - 27-хэм Париж (Франджы) щызэІущІэнущ «20-м я гуп» зи фІэщыгъэІэ зэгухьанысІэм хуэ кьэралхэм лэжьыгъэмкІэ я министрхэр.

♦1934 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ колхоз-совхоз спартакиадэр.

Дунейм и щытыкІэнур

«meteonovosti. ru» сайтым къызэритамкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щытынущ, мащІэу уэшх къыщыкІынущ. Хуабэу махуэм градус 21-рэ, жэщым - градус 12 щыІэнущ.

ФокІадэм и 26, ублащхьэ

♦**Тенджызым и дунейпсо махуэщ**

♦**Бзэхэм я Европей махуэщ**

♦ФокІадэм и 26 - жэпуэгъуэм и 7-хэм Париж (Франджы) щекІуэкІынущ ЮНЕСКО-м и гъэзэщІакІуэ советым и 187-нэ сессие.

♦ **Бзагуэхэм я дунейпсо махуэщ**

Дунейм и щытыкІэнур

«meteonovosti. ru» сайтым къызэритамкІэ, Налшык мащІэу пшэ щыщытелъынущ, дыгъэр кьухьэ-кьуэкІыу щытынущ. Хуабэу махуэм градус 18, жэщым - градусы 9 щыІэнущ.

ПІалэгъэр зыгъэхъэзырар **ГЪУЩІО Зарифи.**

ЗэгурыІуэныгъэ зэращІылІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *«Сочи-2011» Х дунейпсо инвестицэ форумым Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэхэм паршІэ мыхьэнэщхуэ зэІэ проектхэр щылэкІащ. Абыхэм ящыщщ Къэрэшей-Шэрджэсри.*

«ИЩХЬЭРЭ лъэмыкъ» финанс-промышленнэ гупым и унафэщІ Мамаев Бахтиярэ КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашидрэ республикэм мультимодальнэ транспорт центр кьыщызэгъэпэщынымкІэ проектыр пхыгъэкІыным теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ традзащ. Абы хохьэ Архьыз дунейпсо аэропорт, индустрие-логистикэ центр, Черкесск - Сыхьум автомобиль гъэугу, «Софийская поляна» спорт-турист комплекс уху эныгъэхэр.

Зэкъуэщ цыкІуищ

АДЫГЕЙ. *Мы гъэм иджы ящэ Адыгейм зэуэ зэкъуэщ цыкІуищ кьыщальхуащ.*

Зэуэ унагъуэм щІалищ кьыпхэкъуэныр гуфІэгъуэхуэщ. Перинатальнэ центрым и дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, сабийхэми Хьэмдэхъу Шамсэти я узыншагъэр тэмэмщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Республикэм щыпсэухэм ящІэн папщІэ

Іупъхьэ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхъэзырым теуха хьыбархэм фыщыгъуа-зэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыІэ

8(8662) 47-17-79, 47-32-56

телефонхэмкІэ.

Махуэгъэпс ■Ислъамым и нур ■ Гъуэздж

КЪЭБЭРДЕЙ

ТВ, радио нэтынхэр ■ Щэбэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

●Ди зэпыщІэныгъэхэр

Израилым къикІахэр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм щохьэщІэ

Мы махуэхэм Налшык щохьэщІэ Израилым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я щІэблэ гуп. Рихьэкъе жылагъуэм и «Іуащхьэмахуэ» сабий ансамблым хэт щІалэхэмрэ пщащхэмрэ, къэфакІуэ гупым и унафэщІхэу Хьун Щауэкъуийрэ Бжьыдыгъу Щэуэкъуийрэ Къабардей Адыгэ Хасэм и хьэщІэщым дыгъуасэ кьригъэблагъащ абы и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфіыщ Іэ Мухьэмэд.

КЪЭБЭРДЕЙ Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм къызэщІнубыдэхэм, лъэпкъым и Іуэху зэрыдигъэкІым, цІыхубэм сыт и лъэныкъуэкІи зэрызащІигъакъуэм, властымрэ жылагъуэмрэ зэрыщІэныкІэ къалэн пыухыкІахэр зэригъэзащІэм ягу тепсэлъыхьащ Мухьэмэд хьэщІэхэм, апхуэдэуи зи унафэщІ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьыгъэ къызэрызэгъэпэщамрэ махуэ кьэс адыгэбзэкІэ кьыдэкІ газетым лъэпкъым деж кІэ иІэ мыхьэнэмрэ и гугъу яхуищІащ.

«Іуащхьэмахуэ» ансамблым и унафэщІхэм, хэт ныбжьыщІэхэм, абыхэм ящІыгъу балигъхэм ящыщу Хэкум иджы зи щыпэкъакІуэхэми, зыбжанэрэ щІахэми жаІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт щыгъуи гуапэу къызэрыригъэблагъэр, адэжь щІыналъэм и Іэфіагъыр зыхащІэну Іэмал къаэрыритыр икІи Налшык гугъуехьыныІэу кьэкІуэнымкІэ сыт щыгъуи сэбэп кьахуэхьу я ныбжьэгъуфІ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд фІыщІэ къыхуащІащ.

ХьэщІэхэм къыджаІащ «Іуащхьэмахуэ» сабий къэфакІуэ ансамблыр куэд щІауэ зэрылажьэр, абы ныбжькІэ зэщхьэщыхауэ гупищ зэрекІуаІэр, фащэкІи зыхуэ хуэзэу къызэрызэгъэпэщар, щІыпІэ куэдым концерт щитыну зэрыхуэнэсар. Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, зи гугъу тщІы ансамблым илъэсищ и пэкІэ КЪБР-м и къалэ, район зыбжанэми зыкъыщигъэлъэгъуауэ щытащ, Хамэ къэрал щыпсэуныр зи натІэ хьуа ди лъэпкъэгъухэмрэ дэрэ ди зэпыщІэныгъэм и зы Іыхьэт «Нал цІыкІу» сабий ансамблыр тхьэмахуитІкІэ Израилым зэрыщыІар, концерт зыбжанэ зэрыщитар. А махуэхэр гукъинэж зэращыхъуар, «Нал цІыкІум» хэтхэм я утыку итыкІэри, я къэфакІэри, щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ яхэлъ гъэсэныгъэри хабзэри Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ дэс ди лъэпкъэгъуэхэм хуабжьу яГу эрыдыхьар кьыхагъэщащ хьэщІэхэм.

«Нал цІыкІу» Израилым кІуэнымкІэ щІэгъэкъуэн яхуэхъуа Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд фІыщІэ тхылъ кьыхуздахьащ «Іуащхьэмахуэ» ансамблым и унафэщІхэм икІи иджырей гъуэгуанэм сэбэп зэращыхуэхъуам папщІи зэрыхуэарэзыр жаІащ.

КъАХ-м кьыбгъэдэкІ саугъэтхэр сабийхэми балигъхэми ярита нэужь, сурэт зытрагъэхуа, Мухьэмэд и хьэщІэхэр щэджагъуашхэ иригъэблэгъащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

ХьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ фэеплъ сурэт Къарей Элинэ ятрихащ.

●Аруан куей

Жыг хадэщІэ

Пасэу кьызэпыкІэ мыІэрысей жыг хадэу аргуэру зы Аруан районым щыхасащ. Гекъари 8-м щІигъу жыг хадэр кьыщызэрагъэпэщащ Псыкуэд къуажэм. Ар Итадием щыщ «Гриба» кооперативымрэ «КЪБР-м и пхъэшхэмыщхьэ питомник» ООО-мрэ зэщІыгъуу хасащ.

ПХЪЭЩХЬЭМЫЩХЬЭпитомникым и агроном Сосмакъ Хьусен кьызэрыджиІамкІэ, «Грени Смит», «Голден» эмтэ жыпІащІэу, нэгъуэщІ мыІэрысей лІэужьыгъуэу мин 200 зыхуей хуэзэу мэкъуауэ-гъуэм и пэщІдзэм хасащ. Ар щыщІэщІэлІхэм зыхуеину лІэужьыгъуэхэр а къэкІыгъэхэм хьэпІащІэхэмрэ фІыуэ япэщІэтыфпэтми, ахэр зыхуей хуэзэу зехьэн, агротехникэм кьиІэуэ псори гъэзэщІэн хуейщ. ЖыгыщІэхэм илъэс кьаКІуэ пхъэщхьэмыщхьэ бэгъуа кьапыкІэну дыщогугъ. Апхуэдэу ди мурадщ а мыІэрысей лІэужьыгъуэхэр дызыхуэкІуэ илъэситІым кьриубыдэу иджыри гектар 50-м щыхэтэну», - жиІащ агрономым.

СОКЪУР Риммэ,
Аруан районым и администрацэм и пресс Іуэхуэщ Іапэм и унафэщІ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр йокІуэкІ.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и почтэ Іуэхуэщ Іапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Зи псалъэ кІэщІым и бзэр Іэфіщ.

Щiыналъэм щыпсэу цIыхухэр хэмыту щIыпIэ унафэр пхузегъэкIуэнукъым

**Щiыпi унафэр зэрызэрагъакIуэм теухуауэ къытрезгъэдзауэ щыта тхыгъэм, сигу къэмыкIауэ, цIыху куэд къыпэджэжащ. Абыхъэм кьалуатэрт езыхъэм мы Iуэхум теухуауэ зэфiгъэкIыфахэр: языныкъуэхэм я жэрдэмкIэ кьалэ советым и депутатхэр хэхьныр и пIалъэр кьэмысу iрагъэкIуэкIат, кьиузэрыгуэкI лэжьакIуэжьхэм я ящыщ зым, кIуэлыкъушхуэ з зыныгъэм я дэIепыкъуныгъэ хэмылъу, администрацэм и Iэтащхьэм и кьулыкъур иубыдат. Ди фIэщ пху эмышIыным хуэдиз у гъэщIегъуэн щапхьи щыIэт, езыхэм хахауэ щыта, ауэ куэд щIауэ дунейм ехыжа депутатыр зэрахьуэкIыну Iэмал ямыгъуэту районым исхэр зэман кIыхькIэ екIуэкIауэ.

АБЫХЭМ кьагъэлъагъуэ дэIепыкъуныгъэ имыIэу цIыхур езым и жэрдэмкIэ властым и Iэнатiэм зэи пэрымыоъэфыну кьекIуэкI Iуэху еплыкIэр зэрымытэмэмыр. Зэи егупсыс хъунукъым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ хуитыныгъэр кьыщагъэсэфыр хэхьныгъэхэр щекIуэкI лъэхъэнэм и закъ уэу, кьыкIэлыкIуэ эхьныгъэкэ эр кьэсоиу щIыналъэм щыпсэухэм зыри яку зэфiмыкIыну. Фи хъуитыныгъэр фэ езыхэм кьыIэрыгъэсэбэлыжьхэм елыхтащ.

Фи хъуреягъкIэ зыфiгъыхьыт: псыеижхэхэр яуцIэпI, бэзэрым щащэ шхыныгъэ эхэр пшхыну шынагъэ щIэ, гъуэгуэхэр зэхэхьутащ, уэрамхэм уэздыгъэхэр фIэлъкьым, IулъхьэкIэ сыт хуэдэ тхылымпIэри кьыдэпхыфIынущ... Щiыпiэ унафэр зезыгъэгъэ хэсхьыр ямыльагъу хуэдэу щащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр фэ фыхэмыхьэу щIэнукъым. Сытым дежи хэкIыпIэ щIыщ фи унэм, фи хьэблэм, фи уэрамым, фи районым щыIэ мыхьумыщагъэхэр гъэзэкIуэжьынымкIэ.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэр, и сэбэп зыхэлъхэр ихьумэнымкIэ Iэмалхэр мащIэкъым. Псальэм папщIэ, цIыхум зы хуэфэщэну щапхьэжэ эр жуекъэс, тхьэгъэ сыхафэ етхри суэдым макIуэ е езым и хуитныгъэхэм кьащхьщыжьын папщIэ у ячыл кьещтэ. Апхуэдэ гъуэгур кьыхъэзыхьр, зэрыхабзэу, гъащIэм куууэ хэзыщIыкIэрщ, фIэщхъуныгъэ зыхэлъхэр. Ауэ а Iэмалiр сыт хуэдизу тэмэму щымытми, ныкьусаныгъэ пыхьыкIахэри хэлъщ. Къэрауэ, тхьэусыхафэр кьыдзыгъэдзкIыр щIэтхъэусыхэ Iуэхум кьыхэкIыу лей кьытехьауэ щытын хуейщ. ЕтIуанэрауэ, абы кьыдэщIын, хабзэм щыгъуазэ зыщIын, кьыщхъэщыжьын имыIэу, и закъуэ дыдэу утыкум кьоиэ.

НэгъэщI зы хэкIыпIи щIэщ, хабзэм кьигъэувэхэм темыхуащэ у. Ар цIыкIу к уэд зыхэт утыку Iуэхухэр кьыдэхьынырщ. Конституцэм цIыхухэм апхуэдэ хуитныгъи ярет. Цiыху куэд кьыэрихьэлIэ пэкIуэхэр, кьэпсэлъэныгъэхэр, пикетхэр, нэгъэщI утыку Iуэхухэри сэбэп нэхъу щIыналъэм щыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэр пхыгъэкIынымкIэ: хабзэм кьемыдзэтыеу езыхэм я пщIантIэхэм кьыщрагъэжьа ухуэныгъэхэр кьызэтегъэувыIэнымкIэ, сабий сад кьызэIухынымкIэ, кьуажэ уэрамым щыэзтрихьа пхъэнкIиймрэ кIэрыухуэбжьэрыухэмрэ IуегъэхьныкмкIэ, уэрамхэм уэздыгъэхэр щыфIэдзэнымкIэ, асфальт телъхьэныкмкIэ. Сэ кьыдэIэрыхьа тхыгъэ хэм кьыщыбгъуэтынущ цIыхуи 10-15 хъу пупым зэрыщыту жылагъуэ псом я Iуэхуэхэр зэрыдагъэкIамкIэ щапхъэхэр. Псальэм папщIэ, апхуэдэ гупхэм я жэрдэмкIэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэхэр елэжьащ цIыхухэм ираф псыр гъэкъэбзэныим, щIыналъэм щагъэува тарифхэр гъэмэщIэныим, нэгъэщIэжьэмк. Апхуэдэ Iэмалыр нэхъыбэу кьэзыгъэсэбэныр зи ныбжьыр щIалэхэрщ, жанхэрщ, цIэрыIуагъэм хущIэмыкьуэхрщ.

Ауэ, сыт хуэдэ Iэмал кьамыгъэсэбэпми, зи хуитныныгъэм щIэбэнэхэр законым кьитгъэувэм ткIийу з ятетыпхьэщ. Утыку Iуэхур кьызэзыгъэпэщхэм я кьалэнщ ахэр щекIуэныгъэ пIалъэр кьэсыным мазэ 15 нэхъыбэ имыIэжу, ауэ ахэр 10 нэхъ мынэхъ кIасэу щIыпIэ властым хъыбар ирагъэщIэну. Арыншамэ зэхьхьэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм етхьэкъынкIэ хъунущ. А закон дыдэм кьегъэув пэкIум иужькIэ махуи 10 нэхъыбэ дэмыкIыу цIыхухэм кьаIэта Iуэхухэм я жэуапхэр администрацэм тхуэу яритыжьын хуейуэ. Властым и органхэм фепсэльэну защыбмыдзэт, фызэщIыгъуу хэкIыпIэхэр кьэфрауэ зэрыщытыр. Хахауэ лажьэ депутатхэм законыр кьызэпаудам, езыхэм я унафэхэмкIэ районым зэранигъэ кьыхуаныэм, фи хуитныгъэ псори фIэщ ахэр я Iэнатiэм кьыпэрыфщыжьну. Субъект зэмылIэужьыгъуэхэм абы и лъэныкъуэкIэ щIэ хабзэхэр мащIэу зэщхьэщокI. Ауэ сытым дежи ар тохуэ щIыпIэ референдум кьызэрыIэрагъэпэщ щIыкIэм. Депутатыр и Iэнатiэм кьыщIыIуагъэкIыжь щхьэусыгъуэхэр фи жылагъуэм и уставым итын хуейщ. Ауэ сытым дежи суд унафэ щIэн хуейщ депутатым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэ пIыхьыкIэр а абы ищIа унафэр хабзэм кьызэремизэгъым теухуауэ. Абы ныжькIэ депутатыр и Iэнатiэм кьыпэрыщIыжьным и тельхьэу хэхакIуэхэм я зэхуэдитIым нэхъ мынэхъ мащIэм Iэ яIэтпхьэщ.

Зэрыгурыуэгъуэш, жэрдэм гу зр кьызэрыфIэту, фи кьалэм и уэрамхэмрэ зытыр хуэмрэ занщIэ у зэIуэзэпщ хъуну, пхьэнкIий идзыпIэхэр бзэхьину, псыеижхэр кьабзэ хъужьну ущыг утыныр тэмэмкьым. ГъащIэм кьызэригъэльафэгъэщI, ехьу лIэныгъэ нэс щыщыIэнур щIыхуэр ешуну у, емызэщу Iуэхум щыбгъэдэтым дежщ. Ауэ нэхъыщхьэ дыдэр фэ жылагъуэ гъащIэм жыджэру фызэрызыхьэрщ, а Iуэхум уэзэкIуэхьаIуэ фызэрызыхуэр. Апхуэдэу зэакьылегъуэу зэздалажьэщэгъ граждан жылагъуэ нэсым и кьежьапIэр.

Фи хуитныныгъэхэр дэвгъэкIынымкIэ ехьулIэныгъэ фиIэну си гуапэщ!

ЛУКИН Владимир,
Цiыхум и хуитныныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэр.

Къэбардей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм щызэхэтащ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен къыхидыхьа, нобэ зыубгъуауэ ди щIыналъэм щыпсэухэр зыхэплъэ лъэпкъ политикэм и концепцэм щытепсэлъыхьа стIол хъурей.

Лъэпкъхэм папщIэ

«Стiол хъурей»

Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Тау Пщыкъан. ЗэIущIэм хэтащ РАН-м и КъБНЦ-м этнополитикэ къэхутэныгъэхэмкIэ и Центрым и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Думэн Хъэсан, а уэрэфIпсо Iуэхущ1апIэ дыдэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым социально-политикэ кьэхутэныгъэхэмкIэ и центрым и унафэщI Борэ Аслъэн, журналист, тхакIуэ, Кавкaзым и тхакIуэхэм я клубым и президент, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гуртуев Сэлихь, гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ институтым и лэжьакIуэ Уэшро Рубен, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэлIу сопетым хэт Шэшэн МулIэед, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэу Беппаев Суфян, Канунников Анатолий, Хьэтэжьыкъуэ Валерий, ХъуэкIуэн Мурат, Чернышовэ Маринэ сымэ.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым Тау Пщыкъан кьыхигъэщащ зытепсэлъыхьыну Iуэхум гулыт- тэ нэхъ зыщыхуэзщIыпIэхъэу лъэныкъуиц: сыт хуэдизкIэ хуэныкъуэ ди республикэр лъэпкъ политикэм и концепцэм? Сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэра абы кьытхъэувыр, зыгуэр дэщIыгъужьи е зэхъуэкIыни хуей? Концепцэм кьызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэр зэфIэгъэкIыным елэжьынур хэт, ар гъэзэщIэныр дАуэ кьызэгъэпэща хъуну?

КъБР-м и Президентым деж гражданскэ институтхэм зегъэуэжьынымкIэ щIэщIэ комиссэм и жэуап зыхь секретарь, Жылагъуэ палатэм хэт Беппаев Суфян кьыщыпсалъэм, кьыхиГъэщащ Лъэпкъ политикэмкIэ концепцэм хуэдэ тхылъ республикэм зэи зэримыIар, абы республикэм мамырыгъэр зэгъыбыдэнымкIэ мыхьанэшхэу зэриIэр. Концепцэм и проектым халъхьэну цIыхухэм кьагъэлъагъуэ зэхъуэкIныгъэхэм- рэ дэщIыгъужьныгъэхэмрэ Iэмал имыIэу кьыщылъытэн зэрыхуейр. Беппаевым кьызэрилъытэмкIэ, Концепцэм зэтригъэувыIэнущ сыт хуэдэ кьаугъэри, псом хуэмыдэу лъэпкъ зэхэгъэжхэм кьыхэкIыр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, урыс жылагъуэм и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнымкIэ «Вечче» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Канунников Анатолий нэхъыбэу зытегъэувыхьар Концепцэр гъэзэщIэныим елэжьынхуэмрэ ар зэрагъэзащIэм кIэлъыпIэлъынухэмрэщ. Абы кьилъытащ Концепцэр кьелынрэ гъэзэщIа мыхъуауэ кьынэжьынрэ а IуэхугъуэтIым куэдкIэ елытатауэ.

- Дэ диIэн хуейщ Концепцэм кьигъэув псори гъащIэм хэпщэныр, ар гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыпIэлъныр зи кьаIэн кьэрал орган, - жиIащ Канунниковым, ауэ абы и жэрдэмкр стIол хъурейм хэтахэм даIигъакIым, кьэрал орган псом илэжьын Iуэхушхэ Концепцэм хэмылъу кьалъытэри.

АтIэми, зи гугъу тщIы тхылъым хэлъщ кьэрал оргранхэм фIэкIа яхуэмылажьынухэр. Псалъэм папщIэ, лъэпкъхэм я бзэр яджыжу Iуэхур зэтеублэныр. Аращ кьаIэнхэр апхуэдэ Iуэхухэм елажь министерствэхэм, ведомствэхэм ятегуэшамэ зэхьыфIу зэхуэсахэм кьыщIалъытар.

Жылагъуэ палатэм хэт, «ЦIыхум и хуитныныгъэхэм папщIэ» центрым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и Президентым и Аппарат кьыIэ зэрыкъуэныкъуэр кьилъытащ Концепцэр гъэхьэзырыным елэжьынхуэмрэ ар зэрагъэзащIэм кIэлъыпIэлъынухэмрэщ. Абы кьилъытащ Концепцэр кьелынрэ гъэзэщIа мыхъуауэ кьынэжьынрэ а IуэхугъуэтIым куэдкIэ елытатауэ.

- Дэ диIэн хуейщ Концепцэм кьигъэув псори гъащIэм хэпщэныр, ар гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыпIэлъныр зи кьаIэн кьэрал орган, - жиIащ Канунниковым, ауэ абы и жэрдэмкр стIол хъурейм хэтахэм даIигъакIым, кьэрал орган псом илэжьын Iуэхушхэ Концепцэм хэмылъу кьалъытэри.

АтIэми, зи гугъу тщIы тхылъым хэлъщ кьэрал оргранхэм фIэкIа яхуэмылажьынухэр. Псалъэм папщIэ, лъэпкъхэм я бзэр яджыжу Iуэхур зэтеублэныр. Аращ кьаIэнхэр апхуэдэ Iуэхухэм елажь министерствэхэм, ведомствэхэм ятегуэшамэ зэхьыфIу зэхуэсахэм кьыщIалъытар.

Жылагъуэ палатэм хэт, «ЦIыхум и хуитныныгъэхэм папщIэ» центрым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и Президентым и Аппарат кьыIэ зэрыкъуэныкъуэр кьилъытащ Концепцэр гъэхьэзырыным елэжьынхуэмрэ ар зэрагъэзащIэм кIэлъыпIэлъынухэмрэщ. Абы кьилъытащ Концепцэр кьелынрэ гъэзэщIа мыхъуауэ кьынэжьынрэ а IуэхугъуэтIым куэдкIэ елытатауэ.

- СызэреплъымкIэ, Концепцэм жыжьэуи кьызэщIиубыдэркъым нобэ щыIэ щытыкIэ хьэлъэр. Ди кьэралым гъэзэщIа щыхъурхъым лъэпкъхэр хуэмэным хуэгъэпса хабзэхэр. Лъэпкъ-щэнхабзэ программэхэр зэхуащIыж. Иужьрей илъэс 15-м кьриубыдэу еджапIэхэм адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ зэрыщIадж зэманыр и нэхъ мащIэрауэ процент 30-кIэ ягъэмэщIащ, кьыдалъхуа бзэмкIэ щрагъаджэу щыта школ псори зэхуащIыжащ, лъэпкъыбзэхэмкIэ кьыдэкI тхылъхэр хуэдитIкIэ хэщIащ. А щапхъэхэм пыщщэ хъунущ. Ди учетым щытщ лъэпкъ зэхэгъэжкIэ яукIауэ щIыхьибл, ауэ а Iуэхухэр судым нагъэсыркъым. Урысейр хуейкъым лъэпкъ мащIэхэм я бзэм и хартиер кьищтэну. А щытыкIэр зэ щIэмыплъэу куэдрэ екIуэкIынукъым, ар егъэфIэкIуэным дытемылажьэмэ, - жиIащ Къэтэжьыкъуэ Валерий.

Дуэмэн Хъэсан ту лъитащ Концепцэм республикэм щыщыIэ лъэпкъ зэхуащIыкIэхэм, абы щыпсэу лъэпкъхэм зауэкьым папщIэ зыхуэныкъуэ псори зэрыхэлъым.

- Концепцэр гъэзэщIа хъумэ, республикэм щыпсэу лъэпкъхэр псори зэхуэдэу щытынущ, кьэралми лъэпкъми я фейдэ зыхэлъхэр зэригъэзэгъынущ - жиIащ абы.

ЗэщIущIэм кьыщыпсэлъа дэтхэнэми, кьигъэльэгъуащ КъБР-м Лъэпкъ политикэмкIэ и Концепцэм щIыгъужьныгъэ е абы щызэхъуэкIыпхъэу кьилъытэхэр. Ахэр псори зэуIу ищIыжьнурэ, а щыхьэт тхылъыр зыгъэхьэзырахэм яхуигъэхьынущ Жылагъуэ палатэм.

ГЪУЩIО Зариф.

Жыщхьэ махуэ

Щхьэгъэпсэу Зулихъан и илъэси 108-р

И ныбжьыр илъэси 108-рэ зэрырикъуар мы тхьэмахуэ махуэ кIуам Iэтауэ хуагъэлъэпIащ Ауджыкъ кьуажэ щыпсэу Щхьэпэпсэу (Лъэх) Зулихъан Кьамбот и пхъум.

И БЫНХЭМИ, абыхэм я бынхэми, я бынныжьхэми, я нысэхэми, я малъхъэхэми мамэкIэ, мамащхьэкIэ, нанэшхэкIэ Зулихъан кьеджэхэу мы гуфIэгъуэ зэIущIэм кьихьэлIахэр щэрэ щэ ныкъуэм нэблагъэрт Абыхэм я нэхъыжьыр илъэс пщIейм нэсат, я нэхъыщIэ дыдэр - и кьуэм и кьуэ Бесльэн и кьуэж Кьамболэт (Зулихъан и щхьэгъуэ дуней ехьыкам и цIэр зыфIащыжар) кьалъхуагъащIэт.

Бжьыхьэ махуэ уэфI хъарзынэтэ, унэ кьомми гуэщхэми щIэмыхуэжу, цIыхур пщIантIэшхуэмэ дэтт. Дэнэжи Iэнэт. Пшынэ, бэрэбан макъэхэр, уэрэдэхэр, кьафэхэр зэпыурт экъым. А псоми Зулихъан сурэтым мы зэрыщыфIьагъум хуэдэу гуапэу пыгуфIыкIыу яхэтащ, жаIэр ядищIэ жыхуаIэм ху зэзу.

Гъуазджэ

Зыгъэгушхуэ псалъэмакъ

Сокуров Александр и псалъэ Iущщр.

ФокIадэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым щыгъэтащ кинорежиссер цIэрыIуэ Сокуров Александр и пресс-конференц.

АР кьыззэгъэпэщари езыгъэкIуэкIари еджапIэ нэхьыщхьэм и унафэщI Къарэмырзэ Барэсбийщ. Абы кьызэхуэсахэм иджыри зэ ягу кьигъэкIыжащ хьэщIэ Iьапl эм фокIадэм и 10-м Венециемкинофестивалым и 68-нэ зэхуэсым и кIэух зэIущIэм екьулIэныгъэщхуэ кьызэрыщихьар.

Зэпеуэм и «Дыщэ ислъэн» саугьэт нэхъ Iьапl эдыдэр хуагъэфащащ Сокуровым и IэдакъэщIэкI «Тетралогия власти» циклым и епIланэ, иужьрей Iьхьэм - «Фауст» фильмым. Апхуэдэуи Александр цIыхугъэ Iьагэр и лэжьыгъэм зэрыщIэкъыщIэкIуэ гупым и саугьэт щхьэхуэр кьратащ.

Республикэм и хъыбарегъащIэ Iэнатiэхэм я лэжьакIуэхэм хьэщIэм ущIэ з зыбжанэрэ зыхуагъэзащ. Абыхэм ящыщ зым жуап щритыжьым кинорежиссер цIэрыIуэм мыпхуэдэу жиIащ:

- Циклым хиубыдэ фильмхэр зы лэжьыгъэшхуэу е къызэрыIэт. НэхъапIэкIэ тетха Iыхьищыр цIыху щхьэхуэхэм ятеухуат: «Молохыр» - Гитлер, «Телец» фильмыр - Ленином, «Солнце» зыфIэщар - Хирохито япон императорым.

Фауст персонажым теухуа тхыгъэхэр нэмыщI литературэм яп з дыдэу кьыщыхьыар 1500 гъэхэм я пэщIэдэхэращ. Ауэ, хэбгъэзыхьмэ, лъэпкъ Iуэрыдуатэм нэхъ пасэжу абы и цIэр кьыщыхьауэ щытатэнущ. Ар и нэщэнэщ нэрыбгэ къэси псом фIымрэ Iеймрэ зэрыщызэныкьуэкъым куэд щIауэ цIыху Iущхэр зэригъэIейтеймкIи а Iуэхугъуэр Фауст и пересонажымкIэ цIыхубэм кьигъэзыгъуэну зэрыхэтар.

Журналистхэр зыщIэупщIахэм ящыщт Сокуровым и фильмхэр ди къралым дахэдахэу зэрыщамыщIыхум и щхьэусыгъэ кьиплытэр. Абы и жэуапу Александр жиIащ:

- Иджыпсту ди къралым щыпсэу цIыхухэр зэрыщыту кьапщтэмэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэхэщIыкIкIэ, щэнхабзэкIэ жыжьэ нэсауэ сухуэмIэнукьым. Сэ сызэреплъымкIэ, абыхэм я къэухьыр здынэсыр 1925 - 1927 гъэхэм цIыхухэр зыщыгъуазэу щытарщ. Абы кьыхэкIыуи си дзжьыгъэхэм хуэныкъуэр мащIэ дыдэщ. Апхуэдэу щытми, си гур згъэкIуэдырхьым: сэ сщIэн хуейр сщIащ.

- Нобэрей гъащIэм псынщIэу зэрызихьуэжьым, технологие и лъэныкъуэкIэ зэрызнужьым уэ дауэ ухуищ? ЦIыхуэр нэхъ гущабэу зэбгъэдэтынымкIэ, гумащIагъэ я зэхуаку дэлъу зэдкIуэжьынымкIэ пэрыуэтэу мыхъуу пIэрэ апхуэдэ зэхъуэкIынигъэщIэхэр? - жаIэу кьыщеупщIым:

- Абы теухуауэ мыр жысIэнут, - кьыхигъэщащ Сокуровым унэтIныныгъэщIэу гъдащIэм кьыщыгъэхуэм зыIэбэкъуэ щыхунчкI, цIыхум гущIэгъуэр япэ иригъэщIпхъэ. Мис итIанэщ абы Iей кьыщимыкIынур. ЦIыхум и акъым зиузэщIын папщIэ гъуазджэм, щэнхабзэм мыхьэнэуэ яIэр кьыпхуэмылытэн хуэдизщ. Сэ мы республикэм куэд щIауэ хэгъэрейуэ сыкьыщIалытэ. Ар си гуапэ мыхьуу кьанэркъым. Абы сытым щыгъуи сыкьыпIэжжыну сыхьэзырщ. Сэ вжьзоIэ: дэнэкIи щэнхабзэр щекIуэкIкIащ жыфIэу фызэхэмыс! Фэ фэлIыбтащ ар къэтэтыжьынырщ. Уеблэмэ унафащIэмэ яп зэхъуэжьыгъэщIыфыщ, щапхъэ фахуэхьыфыщ. Абы кьыхуэзоджэ фIы зигу иль дэтхэнэ зыри!

КЪУМАХУЭ Аслъэн.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Эдиэ** *трихащ.*

Президентым фIыщIэ кьыхуещI

« УРЫСЕЙ Щiалэгъуалэм я Союз» урысейпсо жылагъуэ Зэгухьэныгъэм и и Комитет Къэрэшэй-Щэрджэс Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен фIыщIэ кьыхуищIащ IэщIагъэхэм щыгъуагъаджэ пэщIэдзэ, курыт Iуэхущ1апIэхэм щIэс щIалэгъуалэм 2011 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 9 - 23-кэм Краснодар крайм щрагъэкIуэкIа «ДызэщIыгъущ!» Урысейпсо фестивалым ди республикэм икIа гупыр жыджэру зэрыхэтам папщIэ.

Мы фестивалыр къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм Спортымкiэ, туризмымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министерствэм, Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэм и Министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен фIыщIэ кьыхуищIащ Iэщ1агъэхэм щыгъуагъаджэ пэщIэдзэ, курыт Iуэхущ1апIэхэм щIэс щIалэгъуалэм 2011 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 9 - 23-кэм Краснодар крайм щрагъэкIуэкIа «ДызэщIыгъущ!» Урысейпсо фестивалым ди республикэм икIа гупыр жыджэру зэрыхэтам папщIэ.

Мы фестивалыр къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм Спортымкiэ, туризмымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министерствэм, Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэм и Министерствэм. Фестивалыр иригъэкIуэкIащ «Урысей Щiалэгъуалэм я Союз» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм.

Абы кьэралым и щIналъэ 47-м щыщу цIыху 75-рэ хэтащ. ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я пащхьэ кьыщыпсэлъащ политикэ, творческэ IэнатIэхэм, бизнес Iуэхум щыщIэрыIуэ жылагъуэ лэжьакIуэхэр, артистхэр, режиссерхэр, спортсменхэр, федеральнэ щIэныгъэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1анIэхэм я лIыкIуэхэр.

ФокIадэм и 25-р Машинэуэхуэм и махуэщ

Нэрылъагъуу зэтоувэ

Республикэм и промышленнэ комплексым Iэнатiэ куэд къызэщIеубыдэ. Апхуэдэ машинэ зыщI, гъущIым, щIугъуэхэм, кварцым, фэм сэу жь Iуэхущ1апIэхэр, мащинэ промышленностымрэ промышленность псынщIэмрэ.

КъБР-м Промышленностымкiэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министерствэм Iэнатiэ зэмылIужьыгъуэ 49-м я лэжьыгъэр ешI. Абыхэм ящыщщ вольфрамрэ молибденрэ къэзыт, щIыуэпс, синтетикэ налмэсхэм Iэмэпсымэ хэхахэр кьыщыкъащIыкI, щIыдагъэ кьыщIэшыпIэхэм кьыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэмрэ торцовэ уплотнителхэмрэ щагъэхьэзыр, щIэунщIэшхуэ зиIэ кIапсэхэр (кабель), вольт пIыагъэр эрагъэшхэр, пхъэм зэрелэжь станокхэр, электровакуум приборхэр, автомашинэ псынщIэхэмрэ хьэпъэзешэхэмрэ я глушителхэр, кьэралым зыхъумэжьныгъэмкIэ и промышленнэ комплексым папщIэ продукцэхэр кьыщыщIагъэкI Iуэхущ1апIэхэр.

Министерствэм хьыхь Iуэхущ1апIэхэм илъэсым щыщу блэкIа мази 8-м кьриубыдэу продукцэу сом меладри 9-рэ мелуан 717,1-рэ и уасэ кьыщIагъэкIащ. Ар зытращIыхьауэ щытам и проценти 131,9-рэ мэхъу. Зэрызэужь хуабжьагъыр нэгъабэ и апхуэдэ пъэхъэнэм елъытауэ проценти 173-м нэсащ.

Машинэуэхуэ, гъущIым елэжь Iэнатiэхэм зегъэужьыныным Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы папщIэ адрейхэм ятепхьуну продукцэхэр ягъэхьэзырыр, предприятэ хэм я лъэщагъэм хагъэхъуэн, ягъэхьэзырхэм яIуадэр ягъэмащIэн, инвестицIэхэр ящыкIыр ялъэпкъым, я IэдакъэщIэкIхэм кьыщIэупщIэхэм хэтъэхуэным хэкIыпIэщIэхэр кьыхуагъуэ тын хуейщ. ЭлектроIэмэпсымэхэр, электрон, оптикэ обору дованэхэр, гъущIэкIкI хьэзырхэр, машинэхэр, абыхэм ирахьэлIэхэр, транспорт лIэужьыгъуэхэр, нэгъэщIэхэри кьыщIэтъэкIыныр ящыкIыхь машинэуэхуэ комплексыр республикэм и экономикэм и Iыхьэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Промышленностым и зыужьныныгъэм нобэ и лъабжьэр щIэрщ, иджырей технологиехэрщ, щIэныгъэм и кьхэутэныгъэщIэкрщ икIи абы и лъэныкъуэкI машинэуэхуэ Iэнатiэм кьаIэн хэха егъэзащIэ. ИнновацIэ Iуэхуэм мыхьэнэщхуэ щрат мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым проетышхуэхэр ехьулIэныгъэкIэ щагъэзащIэ. Кьапщтэмэ, «Телемеханика» ОАО-м диодхэр зэрылъ, электрокъарум кьыдэзыгъахуэ свет оформхэмрэ уэздыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ кьыщыщIагъэкI. Ахэр Налшык и мызакъуэу, Щэджэм, Нарткъалэ федеральнэ гъэуэгуэм кьыщагъэсэбэп. Предприятэм и IэдакъэщIэкIхэр - XXI пIэщIыгъуэм и технологие лъагэхэр» выставкэм щагъэлъэгуати, нэхъыфI дыдэхэм ящыщу кьалъытащ. Вольтышхуэм тещIыхьа Iэмэпсымэ хэр щагъэхьэзыру Налшык дэт заводым и продукцэм щIэупщIэшхуэ иIэщ. «Урысейм и гъущ гъуэгуэр» О АО-м и Iуэхущ1апIэхэм предприятэр жыдгъэлажьэ.

«Севкаврентген-Д» ООО-м и Iэнатiэ псори ирагъэфIэкIыращ, я пащагъым хагъэхъуащ. Иужьрей технологиехэр кьагъэсэбэпу, бжьыгъэкIэ лажьэ медицинэ рентген техникэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэпкърыплъхьэн щIадзащ. Предприятэм щагъэзэщIэнущ «КъБР-м и медицинэ Iуэ хущIапIэхэр рентген IэмэпсымэхэмкIэ кьызэгъэпэщын» зыфIаща проектышхуэр.

«Кавказкабель» кабель завод ЗАО-р ди промышленностым и Iэнатiэ пашэщ. Абы и зэфIэкIым зэпымыуэу хегъахъуэу, дунеи псом кьыщагъэсэбэп Iэмалхэм зыхагъэIуэзэ, нэхъ IэмэпсымэфI дыдэхэм ирогажьэ.

«Прокладнэ» ремонт-механикэ завод» ЗАО-м мыльхъушхуэ зыхалъхьэну проектыщIэ щагъэззэщIну я мурадщ. Абы тету мы предприятэмрэ Польшэм и «Пронар» компаниемрэ Iуэхущ1апIэ зэхэт кьызэрагъэпэщынущ. Проектыр сом зы мелард и уасэщ. Апхуэдэу Май кьалэм щаухуэнущ ерыскьыу промышленностымрэ щэкI щызэIуащ промышленностымрэ папщIэ полиэтилентерефталату (ПЭТФ) тонн 486-рэ илъэсым кьыщIэзыгъэкIыну Iуэхущ1апIэ.

Iэщ1агъэлIэкIэр ягъэхьэзырын папщIэ «Телемеханика» ОАО-мрэ «Севкаврентген-Д» ООО-мрэ КъБКъУ-м кафедрэ кьыщызэIуахыну траухущ. «Машинэуэхуэ Iэнатiэм технологие лъагэхэр» зыфIаща щIэныгъэеджапIэ центрыщIэм университетым лэжьэн щыщIидзащ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр технологие лъагэхэм хуэIэзэ Iэщ1агъэлIэкIэр кьыщIэгъэкIынырщ.

Кьэтхьа щапхъэхэр я щIыхьэтщ республикэм и промышленнэ комплексыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьныныгъэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр, зэманым кьызэригъэувым хуэдэу абы и Iэнатiэкэр нэрылъагъуэ зэрызэтеувэр.

БЛЭНАУЭ Заурбэч,
КъБР-м Промышленностымкiэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министерствэм инновацIэ лэжьыгъэмкIэ и кьудамэм и унафэщI.

ФытекIуэ къудей

Гу зылъытапхъэ

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Iуэхущ1апIэм - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым конкурс иригъэкIуэкI сигнегие Iуэхуэхэм я лабораторэм и унафэщIм (1 цIыху) и кьулыкъым игъэувынур кьыхихын папщIэ.

Конкурсым щытекIуам зэгурыIуэныгъэ иращIыIэри лэжьапIэм ягъэув.

ФыщIэупщIэ хьунущ мы адресымкIэ: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Щортэным и уэрам, 89 «а». Телефонхэр: **42-64-17, 42-66-61.**

КъБР-м и яп Президент КIуэкIуэ Валерий цIыхухэр фIыуэ ильагъурт. Ар куэдрэ яIущIэрт лэжьакIуэ гуащIафIэхэм, абыхэм я Iуэху зыIутым щIэупщIэрт, ядэIэпыкъурт.
Мы сурэтыр 2001 гъэм трахащ.

«Муслъымэнхэм я хьэдэ щIэлъхьэкIэр гъэтэмэмыным и IуэхукIэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и Унафэ

Пэублэ псалъэ

Хьэдэ щIэлъхьэным теухуа Iуэхугъуэхэм дытепсэлъыхьын и пэкIэ къывгурыдгъэIуэну дыхуейт муслъымэныр зищIысыр.

Ар нэхъыфI дыдэу къыбгурызыгъаIуэхэм ящыщщ Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэн Гъумар ибн Аль-Хьэттаб жиIауэ Iимам Муслим къыдигъэкIа тхылъым дызыщрихьэлIэр: *«Алыхьым и ЛIыкIуэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) дэрэ зэгуэрым дызэбгъэдэсу, щыгъын хужьыбзэ зыщыгъ цIыху ди пащхьэм къиуващ, щхьэц фIыцIабзэ тету. ГъуэгурыкIуэу абы фэ теттэкъым икIи дэ тщыщ зыми ар яцIыхутэкъым. Ар Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) и пащхьэм итIысхьащ, и лъэгуажьэр абы и лъэгуажьэм къыпэщIэгъэкъуауэ, икIи и Iэхэр и шхуэжьым иригъэувэри жиIащ: «О, Мухьэммэд, Тхьэм (Ислъамым) зэрыхуэжыIэщIэ щIыкIэр къызгурыгъаIуэ». Алыхьым и ЛIыкIуэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) абы жэуапу иритащ: «Тхьэм (Ислъамым) ущыхуэжыIэщIэр - Алыхьым къищынэмыщIа нэгъуэщI тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэммэд Алыхьым и ЛIыкIуэу зэрыщытым щыхьэт утехъуэмэщ, нэмэз пщIымэщ (сэлат), сэджыт птымэщ, Рэмэзан мазэм унэщIмэщ, Iэмал уиIэмэ хьэж пщIымэщ». А цIыхум жиIащ: «Уэ жыпIэр пэжщ». Дэ дгъэщIэгъуащ: Алыхьым и ЛIыкIуэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) еупщIауэ, абы къыжриIам щыхьэт тохъуэж. Абы адэкIэ къыпищащ: «ФIэщхъуныгъэм (Иманым) и гугъу къысхуэщI». Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: «Ар Алыхьыр, Абы и мелыIычхэр, и Тхыгъэ ЛъапIэр, и бегъымбархэр, Къемэт махуэр, фIымрэ Iеймрэ зэрыфIэкIыпIэншэр уи фIэщ хъумэщ». Абы жиIащ: «Уэ жыпIэр пэжщ» икIи къыпищащ: «Дагъуэншагъэм (Алыхьым хуэпщылIынымкIэ - ихьсан) и гугъу къысхуэщI». Бегъымбарым жэуап къритащ: «Ар Алыхьым и пащхьэм ущитым и дежщ, Ар уэ плъагъу хуэдэу. Ар уэ умылъагъуми, шэ ч хэлъкъым, Езым уэ укъелъагъу». А цIыхум жиIащ: «Уахътым и гугъу къысхуэщI». Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жэуап къритащ: «Абы теухуауэ зэупщIым къеупщIам нэхърэ нэхъыбэ ищIэркъым». Абы жиIащ: «Дунейр зэрыкъутэжынур къозыгъащIэхэм я гугъу къысхуэщI». Бегъымбарым жэуап къитащ: «ПщылIым пщы хуэхъунур къилъхужмэ икIи лъапцIэрэ пцIанэ къулейсызхэр унэ лъагэхэр ухуэнымкIэ зэпеуэу плъагъумэ». А цIыхур IукIыжащ, сэ иджыри зэман гуэркIэ сыкъэнащ. ИтIанэ Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: «Гъумар, уэ пцIыхурэ а щIэупщIар хэтми?». Сэ жэуап естащ: «Алыхьымрэ Абы и ЛIыкIуэмрэ ар нэхъ ящIэнщ». (ИтIанэ) абы жиIащ: «Шэч хэмылъ у, фи деж къэкIуар ДжэбрэIилщ, фэ фи диным фыхуригъэджэн папщIэ!».*

Къыхэгъэщыпхъэщ, Алыхьым къищынэмыщIа нэгъуэщI тхьэ зэрыщымыIэмкIэ, Мухьэммэд Алыхьым и ЛIыкIуэу зэрыщытымкIэ цIыхур щыхьэт щыхъукIэ, ар абы и жьэкIэ къипсэлъ къудей мыхъуу, и псэкIэ и фIэщ быдэу хъууэ къыжьэдэкIмэ, ар муслъымэн мэхъури, Ислъамыр къещтэ.

Ислъамым и фарзхэмрэ муслъымэным и пщэ къыдэхуэ нэгъуэщI къалэнхэмрэ, ислъамым нэхъыщхьэу къыхуигъэувхэр къызэпимыуду цIыхум гъэзэщIэн щIидза иужькIэ абы и фIэщхъуныгъэр (Иманыр) нэхъ быдэ икIи ин мэ хъу. Алыхьыр арэзы ищIыну хущIэкъукIэрэ, цIыхур ихьсан щытыкIэм хуокIуэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ илэжь псори Алыхьым папщIэ фIэкIа зэфIимыгъэкIыу быдэу и фIэщ щыхъу щытыкIэм. Къемызэгъ имылэжьын папщIэ апхуэдэ цIыхум и къару псори ирихьэлIэнущ. Апхуэдэ муслъымэным и дежкIэ нэхъыщхьэр - Алыхьым кIуэ пэтми нэхъ пэгъунэгъу хуэзыщI Iуэхугъуэхэр зэфIигъэкIынырщ. ЩыуагъэIэщIэкIмэ - икIэщыпIэкIэ тобэ къихьыжыну икIи ар къыхуигъэгъ уну Тхьэм е лъэIунущ. Апхуэдэ щытыкIэм - ихьсаным - дэтхэнэ зы муслъымэнри хущIэкъун хуейщ.

ЖытIахэм къокI: тхьэр зи фIэщ хъур игукIи и псэкIи Алыхь Закъуэр хьэкъ зыщыхъуарщ, абы гъусэ хуимыщIу икIи Тхьэр зэрызакъу эм псалъэкIэ щыхьэт техъуэу Алыхьым къыхуигъэувахэр зыгъэзэщIэну хущIэкъурщ. Аращи, адэкIэ зи г угъу фхуэтщIыну хабзэхэр зэхьэлIар апхуэдэ цIыхухэрщ, къызыхэкIамрэ зыщыщ лъэпкъымрэ емылъытауэ.

Муслъымэнхэм я хьэдэ щIэлъхьэкIэр

1. Хьэдэ щIэлъхьэныр мыпхуэдэ щIыкIэкIэ ирагъэкIуэкI:

1.1. Ажалыр гъунэгъу къыщыхуэхъуам и деж муслъымэныр ижьырабгъумкIэ тегъэщIауэ бгъэгъуэлъмэ нэхъыфIщ, и нэкIур КъаблэмкIэ гъэзауэ. Апхуэдэу щылъыну къехьэлъэкIмэ, щIыбкIэ тегъэгъуэлъхьэн хуейщ, и щхьэр мащIэурэ къыщIэIэтарэ и лъэтхьэмпэхэр КъаблэмкIэ гъэзауэ. Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) Къаблэм т еухуауэ жиIащ: *«ИпэжыпIэкIэ Ар (Каабэ) фи Къаблэщ - псэухэми лIахэми»* (КъэзыIуэтэжар Абу Дауд, Насаий, аль-Хьэким, нэгъуэщIхэми).

Зи псэр хэкI муслъымэным «Шэхьэдэ» *«Ла Iиллахьэ Iиллэ Ллахь»* («Алыхьым къищынэмыщIа тхьэ щыIэкъым») жебгъэIэну егъэкъабыл, Алыхьым и ЛIыкIу эм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) и хьэдисым ипкъ иткIэ: *«Зи псэр хэкIым жефIэ: «Алыхьым къищынэмыщIа тхьэ щыIэкъым»* (Муслим и деж къыщокIуэ).

КъищынэмыщIауэ, Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: *«Хэт и иужьрей псалъэу «Алыхьым къищынэмыщIа тхьэ щыIэкъым» щытами - ар Жэнэтым кIуэнущ* (Абу Даудрэ Аль ХьэкимрэкъаIуэтэжащ).

Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэр хэгъэзыхь хэмылъу егъэкIуэкIыпхъэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, а псалъэхэр къыжьэдэкIыну щIытебгъэчыныхьын щыIэкъым, атIэ зи псэр хэкIым убгъэдэсу ахэр макъ хэмыIэтыкIакIэ жыIэпхъэщ, ар езыми жиIэжыфын ху эдэу. ЛIэм ар зэ нэхъ мыхъуми къыжьэдэкIмэ, ирикъунущ. АрщхьэкIэ ар абы и ужькIэ псэлъэжамэ, иджыри зэ жегъэIэжын хуейщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, ар тыншу къохъулIэ щыпсэум а псалъэхэр зи фIэщ хъуам, къищынэмыщIауэ, Ислъамым къигъэувхэр зыгъэзэщIам.

1.2. Зи псэр хэкIым убгъэдэсу «Ясин» сурэм укъеджэну егъэкъабыл.

Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: *«Зи псэр хэкIым (хэкIам) фыбгъэдэсу «Ясин» фыкъеджэ»* (Абу Дауд къиIуэтэжащ).

1.3. ЦIыхум и псэр зэрыхэкIар наIуэ хъуа иужькIэ лIар тэмэму гъэтIылъын хуейщ: захуэу укъуэдиин, и нэхэр зэтепIэн, и жьэр щIэпхэн, щыгъыныр щыхын, щэкI щабэ тепIэн, хуей хъумэ, и ныбэм гъущIыпэ гуэр телъхьэн.

__Гу зылъытапхъэ:__ *ЛIам и Iэхэр и ныбэм е и бгъэгум и деж щызэтеплъхьэ хъунукъым. АдэкIэ къыхэгъэщыпхъэщ: языныкъуэхэм зэращIым хуэдэу гъуджэхэр щIэхъумэныр, махуэ 40-кIэ уэздыгъэр блэуэ щыгъэтыныр, хьэдэр зыщIэлъ пэшым и щIыхьэпIэм шэнт цIыкIу гъэувынымрэ абы псы иту кумбыгъэ гуэр щIэгъэувэнымрэ Ислъамым зыкIи епхакъым, уеблэмэ ахэр мажусий динымрэ нэгъуэщI динхэмрэ къахэкIащ.*

1.4. УкIий угуоуэ, уи щыгъынхэр пчатхъэрэ уи щхьэчхэр къипфыщIыкIыжу хьэдэр бгъей хъунукъым. Алыхьым и ЛIыкIуэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: *«Дунейм ехыжам ипэжыпIэкIэ хьэдрыхэ мащэм хьэзаб щишэчынущ, зэрагъеям елъытауэ»* (Муслим).

Муслим Iимамым къиIуэтэжа нэгъуэщI хьэдисым итщ: *«ЛIар ину зыгъея цIыхубзым дунейм тетыхукIэ тобэ къимыхьыжмэ, Къемэт махуэм ар къэтэджыжынущ сагъызым къыхэщIыкIа щыгъынрэ щIыфашхэ (къезыт) джанэрэ щыгъыу».*

А хьэдисхэм зи гугъу щищIыр зыхуэмышыIэжу цIыхум къыфIыщIэкI нэпсхэракъым, атIэ егъэлеиныгъэ хэлъу хьэдэр зыгъейхэрщ, Алыхьым и ухыныгъэмкIэ я мыарэзыныгъэр е фэрыщIагъэр кърагъэлъагъу эу.

ГъащIэм и хьэлъэ псори муслъымэным лIыгъэ хэлъу игъэвын хуейщ, и Iыхьлыр зэрыфIэкIуэдари хэ ту, сыту жыпIэмэ, икIэм-икIэжым, псоми мы дунейр къэдбгынэнущ. Алыхьталэм КъурIэн ЛъапIэм щыжеIэ: *«Дэтхэнэ зыми Iэмал имыIэу ажалыр зыхищIэнущ икIи Къемэт махуэращ фи уасэр щызу къыщыфIэрыхьэжынур»* (Сурэ 3, Iэят 185-нэ).

1.5. Ислъамым къызэригъэувым тету хьэдэр гъэпскIыныр.

Мы Iуэхугъуэр лIам и Iыхьлыхэм зэфIагъэкIмэ нэхъыфIщ, ауэ ар зэращIэнур ямыщIэмэ, хьэдэ гъэпскIыныр Iимамым е нэгъуэщI зыгуэрым, Тхьэр и фIэщ хъууэ, пэжагъ хэлъу, лIам и щыщIэныгъэхэр ибзыщIыфыну щытмэ, и пщэ иралъхьэ. Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: *«Хэт хьэдэр игъэпскIрэ абы и ныкъусаныгъэхэр ибзыщIами, абы Алыхьым 40-рэ къыхуегъэгъу* (Аль Хьэким къиIуэтэжащ).

1.6. Джэбынымрэ хьэдэмрэ епэрымэ траутхэ, ар суннэу («аль-Хьидая») зэрыщытым къыхэкIыу. ЦIыху м сэждэ щищIым и деж щIым трилъхьа и Iэпкълъэпкъым камфарэ (дагъэм къыхэщIыкIа дыху) тракIэ, абыхэм пщIэ лей яхуэфащэщи («аль-Хьидая»).

1.7. ЛIар джэбыным кIуэцIалъхьэ.

__ЦIыхухъухэм папщIэ джэбыныр Iыхьищу зэхэлъщ:__

- Лифафэ - ар и щхьэм щыщIэдзауэ и лъакъуэм нэсыху лIар зыкIуэцIалъхьэ щэкIщ;
- Изар - Iэпкълъэпкъыр зэрыщыту зыкIуэцIалъхьэ щэкIщ;
- Къэмис - пщэм щыщIэдзауэ лъапэхэм нэс щIэзыхъумэ джанэщ.

__ЦIыхубзхэм папщIэ джэбыныр Iыхьитхуу зэхэлъщ:__

- Лифафэ;
- Изар;
- Къэмис;
- Химар - цIыхубзым и щхьэмрэ щхьэцхэмрэ щIэзыхъумэ IэлъэщIщ, и щхьэм щыщIэдзауэ бынж эм нэсу. Абы щыгъуэми цIыхубзым и щхьэцыр тIууэ яухуэнри, къэмисым и щхьэм къытралъхьэ;
- Хиркэ - бгъэмрэ шх ужьымрэ щIэзыхъумэ щэкI Iыхьэщ.

1.8. Хьэдэр лъэбакъуэ псынщIэкIэ дэхын хуейщ, ауэ щIэмыпхъуауэ.

__Гу зылъытапхъэ:__ *Хьэдэр дэхыныр муслъымэным псапэ къызыпэкIуэ и къалэнщ, абы къыхэкIыу кхъаблэм зэрыщIэувэным хущIэкъупхъэщ, щIэх-щIэхыурэ зыр адрейм ихъуэжу. Абы щыгъуэми а Iуэхугъуэм уегупсысмэ нэхъыфIщ, щэхуу Алыхьым уелъэIу у, зэчыр жыпIэу.*

1.9. Жэназы нэмэзыр пщIантIэм, кхъэм, мэжджытым и пщIантIэм щыпщI хъунущ.

__Гу зылъытапхъэ:__ *Дунейм ехыжам тхьэ хуелъэIуныр лIам къыхуэщхьэпэну Iуэхугъуэщ, ар зылэжьми псапэ иIэщ. Абы къыхэкIыу дэтхэнэ зыри жэназым хэтыну хущIэкъун хуейщ, ауэ абы щхьэкIэ Iэмал имыIэу андез Iыгъыпхъэщ. Щхьэусыгъуэ гуэркIэ цIыхум андез имыIыгъмэ, абы таемум - андез ищтэфынущ, жэназым къыкIэрыхуну гузавэмэ.*

1.10. Жэназы нэмэз ятещIыхьыпхъэщ Тхьэр зэрызакъуэмрэ Ислъамым и лъабжьэхэмрэ шэч къытезымыхьэу дунейм ехыжахэм.

__Гу зылъыт апхъэ:__ *Жэназы нэмэзыр гупым и къалэну (фард кифая) зэрыщытым къыхэкIыу, ар зы цIыхум нэхъ мыхъуми ищIын хуейщ. АрщхьэкIэ зыми имыщIамэ, ар зыхуэзэфIэкIыну щытауэ а щIыналъэм щыпсэу псоми гуэныхь къатохуэ.*

1.11. ПIэипхъуэр, алэрыбгъур, къищынэмыщIауэ, КъурIэным и Iэятхэр зытет нэгъуэщI щэкIхэр джэбын папщIэу къэбгъэсэбэп хъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар лIам сэбэп ху эхъунукъым. УеблэмэаргуэныхьзыпылъукъэрагъэжьаIуэхугъуэщ.

1.12. Хьэдэщ1элъхьэр кIыхьлIыхь ямыщIмэ нэхъыфIщ. Iимамхэм ягъэкIэщIын хуейщ пщIантIэм щат уазыр икIи хьэдэщIэлъхьэр пэкIум хуагъэкIуэж хъунукъым.

1.13. Хьэдэ щIэлъхьэным щымыщ псалъэмакъхэр, нэгъуэщI къемызэгъ Iуэхугъуэхэр (тутын ефэныр, уэршэрыныр, хъуэнэныр, нэгъуэщIхэри) кхъэм щрагъэкIуэкI хъунукъым.

__Гу зылъытапхъэ:__ *Нэхъапэм кхъэщхьэхэм кIуэну хуит ящIу щытакъым, абыхэм зыхуамыгъэщхьын щхьэкIэ, ауэ цIыхухэм я фIэщхъуныгъэр быдэ хъуа иужькIэ, Алыхьым и ЛIыкIуэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: «... иджы кхъэхэм фыкIуэ, абыхэм ажалыр зэрыщыIэр фщагъэгъупщэнукъым»* (Муслим къиIуэтэжащ). Мыбы къокI кхъэм щIэкIуэр:

- дунейм ехыжар щIалъхьэу жэназы нэмэз ящIыну;
- дуней гъащIэр псынщIэу зэрыблэкIынумрэ ажалыр зэрыфIэкIыпIэншэмрэ ящымыгъупщэну;
- гъащIэм иджыри зэ иригъэгупсысу адэкIэ зэрыпсэунур яубзыхуну.

Хьэнэфий щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, цIыхубзхэр кхъэм кIуэ хъунущ абы гукъеуэ лей къаримытмэ, ину имыгъэгъуэгмэ икIи абы щIэкIуэр дунейм ехыжа и Iыхьлыхэм яхуищI пщIэмрэ гущIэгъумрэ къыхэкIамэ. Абы щыгъуэми бзылъхугъэм и IэпкълъэпкъыркъанэщымыIэу щIэхъумауэ щытын хуейщ (къезэгъыркъым Iэблэ пцIанэр, пщэ къихар, кIэ кIэщIыр, гъуэншэдж зэвыр), и щхьэм Iэлъэщ1 е шарфыбгъуэ телъыпхъэщ (лентI цIыкIу е щхьэфIэпхыкI Iуээхэр хъунукъым).

1.14. Ислъам диным и хабзэхэм фIэкIыпIэншэу хуит ящIыркъым лIам и теплъэм тращIыкIа е абы и сурэт зытещIыхьа сынхэр кхъащхьэхэм трагъэ увэну. КъищынэмыщIауэ, игъэдурыскъым кхъащхьэхэр мывэ гъэжахэмкIэ къагъэтIылъыхьу, кхъэлэгъунэкIэ къахухьу, ягъэщIэращIэу. Къезэгъыркъым мылъкушхуэ зытекIуэда, адрейхэм къахэпIиикI сын лъагэхэр ягъэувыну, КъурIэным щыщ Iыхьэхэр абыхэм тратхэну, сыту жыпIэмэ ар гуэныхь зыпылъ икIи зыри къызэрымыкI мылъку гъэкIуэдщ. Кхъащхьэм цIыхум игу къигъэIыжын хуейщ гъащIэр зэрыкIэщIымрэ ар зэрыхьэлъэмрэ.

Мухьэммэд бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: *«ИпэжыпIэкIэ Къемэт махуэм тезыр яхьынущ а сурэтхэр зыщIахэм. Абыхэм къыжраIэнущ: «КъэвгъэщIахэм псэ яхэфлъхьэж»* (Аль-Бухъарирэ Муслимрэ къаIуэтэжащ).

ИпэжыпIэкIэ, Мухьэммэд бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) япиубыдащ кхъащхьэр гипскIэ щIахъумэныр, зыгуэрхэр тращIыхьыныр (Муслим къиIуэтэжащ).

1.15. ЛIар щыщIалъхьэкIэрэ абы иужькIэрэ кхъащхьэм и деж КъурIэн ущеджэ хъуну диныдж-суннитхэм я нэхъыбэм къалъытэ. Мухьэмэд бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: *«Дунейм ехыжым (ехыжам) и пащхьэм «Ясин» фыкъыщеджэ»* (Абу Дауд, ибн Маджи, Аль-Хьэким сымэ къаIуэтэжащ. Ибн Хьэббан щыхьэт техъуэжащ).

Жэпуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	ПщэдджыжьыР	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, щэбэт	5.32	7.02	13.06	16.23	18.48	20.28
2, тхьэмахуэ	5.33	7.03	13.05	16.21	18.46	20.26
3, блыщхьэ	5.35	7.05	13.05	16.20	18.44	20.24
4, гъубж	5.36	7.06	13.05	16.19	18.43	20.23
5, бэрэжьей	5.37	7.07	13.05	16.18	18.41	20.21
6, махуэку	5.38	7.08	13.04	16.16	18.39	20.19
7, мэрем	5.39	7.09	13.04	16.15	18.37	20.17
8, щэбэт	5.40	7.10	13.04	16.14	18.36	20.16
9, тхьэмахуэ	5.42	7.12	13.03	16.12	18.34	20.14
10, блыщхьэ	5.43	7.13	13.03	16.11	18.32	20.12
11, гъубж	5.44	7.14	13.03	16.10	18.30	20.10
12, бэрэжьей	5.45	7.15	13.03	16.08	18.29	20.09
13, махуэку	5.46	7.16	13.02	16.07	18.27	20.07
14, мэрем	5.47	7.17	13.02	16.06	18.25	20.05
15, щэбэт	5.49	7.19	13.02	16.04	18.24	20.04
16, тхьэмахуэ	5.50	7.20	13.02	16.03	18.22	20.02
17, блыщхьэ	5.51	7.21	13.01	16.02	18.20	20.00
18, гъубж	5.52	7.22	13.01	16.01	18.19	19.59
19, бэрэжьей	5.54	7.24	13.01	15.59	18.17	19.57
20, махуэку	5.55	7.25	13.01	15.58	18.15	19.55
21, мэрем	5.56	7.26	13.01	15.57	18.14	19.54
22, щэбэт	5.57	7.27	13.01	15.56	18.12	19.52
23, тхьэмахуэ	5.59	7.29	13.01	15.54	18.11	19.51
24, блыщхьэ	6.00	7.30	13.00	15.53	18.09	19.49
25, гъубж	6.01	7.31	13.00	15.52	18.08	19.48
26, бэрэжьей	6.02	7.32	13.00	15.51	18.06	19.46
27, махуэку	6.04	7.34	13.00	15.50	18.05	19.45
28, мэрем	6.05	7.35	13.00	15.48	18.03	19.43
29, щэбэт	6.06	7.36	13.00	15.47	18.02	19.42
30, тхьэмахуэ	6.08	7.38	13.00	15.46	18.00	19.40
31, блыщхьэ	6.09	7.39	13.00	15.45	17.59	19.39

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.



Саудей Хьэрыпым щыIэ Мэдинэ къалэм дэт мэжджытышхуэрщ, Мухьэмэд бегъымбарым и цIэр зезыхьэрщ.

Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Iимам Алий жиIащ: *«Кхъэм щыблэкIкIэ «Аль-Ихьлъэс» сурэм 11-рэ еджэу абы и фIыгъуэхэр (тхьэ елъэIукIэрэ) лIахэм тыгъэ хэт хуищIми, ар (Алыхьым) игъэлъэпIэжынущ (кхъэм) щIэлъхэм я бжыгъэм елъытауэ* (Абу Бакрэ ан-Наджар).

Iимам ибн Таймия жиIащ: *«Дунейм ехыжам ипэжыпIэкIэ и сэбэп йокI къыхуагъэхьа нэмэзым, нэщIым, КъурIэн къызэрыхуеджам»* («Маджмугъ аль Фатауа»).

КъищынэмыщIауэ, абы и фэтуэхэм ящыщ зым щыжиIащ: *«Алыхьым папщIэ игукIи и псэкIи КъурIэн еджэу абы къыпэкIуэр лIам тыгъэ хуащIамэ, дунейм ехыжам ар сэбэп хуэхъунущ* («Маджмугъ аль-Фатауа»).

Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: *«Фэ фщыщ гуэр дунейм ехыжамэ, ар фымыгъэгувэ. ФепIэщIэкI ар щIэфлъхьэну икIи здыщIалъхьам и щхьэм хуэзэу фыуви «Аль-Фатихьэ» сурэм, и лъакъуэхэм деж «Аль-Бакара»-м и иужьрей сурэхэм фыкъыщедж э»* (Ат-Табарани къиIуэтэжащ).

Iимам Аль-Куртуби лIахэм КъурIэн хуеджэхэм щхьэкIэ жиIащ: *«Мы Iуэхугъуэр къыбгурыIуэным лъабжьэ хуохъу диныдж-суннитхэм зэдэарэзыуэ зэрыжаIэр КъурIэн еджэным, дыуэ, зэчыр жыIэным къапэкIуэ фIыгъуэр (саубыр) лIам и псэм лъос, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэдэкъэр ахъшэкIэ зэфIэкIыркъыми* («ат-Тазкира»).

Iимам Ахьмэд ибн Хьэнбал жиIащ: *«Дунейм ехыжам ипэжыпIэкIэ и псэм лъос фIы ягу илъу хуагъэхьа псори, сыту жыпIэмэ абы теухуауэ муслъымэнхэм тегъэщIапIэрэ (далил) зэгурыIуэныгъэрэ (иджмагъ) яIэщ икIи ахэр (муслъымэнхэр) дуней псом щызэхуэсурэ я лIахэм КъурIэн хуоджэ, абы щхьэкIэ губгъэн къамыхь у ар зэгурыIуэныгъэм (имджагъым) и нэщэнэщ»* («Кашшаф аль-Кин'»).

Iимам Аз-Зейля'и жиIащ: *«НэгъуэщIым и пIэкIэ Хьэж пщIыну хуит уещI, сыту жыпIэмэ диныдж-суннитхэр щыхьэт техъуащ цIыхум и IуэхугъуэфIхэм къапэкIуэ псапэр нэгъуэщIым зэрырытыфынум, ирехъу ар нэмэз, нэщI, хьэ ж, сэджыт, КъурIэн еджэн, нэгъуэщI-къинэмыщIх эри»* («Табиин аль-Хьэкаик»).

АрщхьэкIэ кхъащхьэм и къуапиплIым КъурIэн ущеджэну чэнджэщ къуитыркъым, абы диным и тегъэщIапIэ гуэр иIэу зэрыщымытым къыхэкIыу. Абы щыгъуэми гу лъытапхъэщ: лIам КъурIэн хуеджэныр хьэдэщIэлъхьэм Iэмал имыIэу дыщIыгъун хуей хабзэу щыткъым, атIэ апхуэдэу пщIэмэ нэхъыфIу аращ. ЛIахэм КъурIэн ЛъапIэ къахуеджэныр зымыдэхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм я хьэдисхэм къыщахь тегъэщIапIэхэм къаруушхуэ яIэкъыми, цIыхухэм япэбубыдыну щхьэусыгъуэ щыIэкъым, сыту жыпIэмэ диныдж-суннитхэм зэдэарэзыуэ жаIэ: *«Къаруушхуэ зимыIэ тегъэщIапIэ зыбгъэдэлъ хьэдисхэм утет хъунущ, Iуэхугъуэфlхэм ехьэлIамэ».*

1.16. Къахуэгузэвахэм (зи мылъку къыхэзылъхьахэм) я спискэ зэхагъэувэ хъ унукъым, иужькIэ абыкIэ сэдэкъэ хъуржынхэр ягуэшыжын щхьэкIэ.

Мыр хьэдэгъуэдахэу къежьа IуэхугъуэщIэщ, Ислъамым зыкIи емыпхауэ. А псом ищIыIужкIэ, лъэныкъуитIми гуэныхь къахь, ар я гумрэ я псэмрэ къыбгъэдэмыкIамэ, сыту жыпIэмэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэри щIэпщIэн хуейр Алыхь Лъагэр арэзы пщIын папщIэщ, абы къыпэкIуэну тыгъэмкIи узыщыгугъын хуейр Аращ.

Абы щыгъуэми къахуэгузавэхэм яхэтщ я гуи я пси къыбгъэдэкIыу мылъку халъхьэну, дунейм ехыжам и Iыхьлыхэмрэ унагъуэмрэ зыщIагъэкъуэн папщIэ. Апхуэдэ мурадкIэ сэдэкъэм и илъхьэпIэ къагъэув хъунущ, хуей псоми, я жумартагъыр наIуэу къамыгъэлъагъуэ у, яхузэфIэкIым хуэдиз ахъшэ ятыфын щхьэкIэ.

Алыхь Лъагэм КъурIэным щыжеIэ: *«КъыкIэлъыкIуэ гъащIэм фIыгъуэ къыщыпэкIуэным хущIэкъуу IуэхугъуэфI зылэжьым, Дэ а фIыгъуэр тIукIэ хуэдгъэбэгъуэнщ. Ауэ зи IуэхугъуэхэмкIэ дуней фIыгъуэ фIэкIа щIэмыхъуэпсхэм, Дэ мы гъащIэм щыхуэдухар щыIэрыдгъэхьэнщ, ауэ къыкIэлъыкIуэ гъащIэм абы тыгъэ лъэпкъи къыщыпэплъэркъым»* (Сурэ 2, Iэят 264-нэ).

Дунейм ехыжам и Iыхьлыхэм Iимамым къагуригъэIуэн хуейщ сэдэкъэр илъэсым и сыт хуэдэ зэманми пщIы зэрыхъунур (абы хэхауэ зэманрэ махуэрэ иIэкъым) икIи абы щхьэкIэ Iэмал имыIэу Iэщ букIыну къызэримыгъэувыр, атIэ нэгъуэщI IуэхугъуэхэмкIи, ирехъу ар ахъшэ гуэшын, мэжджыт ухуэн, дин литературэ къыдэгъэкIын, нэгъуэщI куэди, зэфIэбгъэкI зэрыхъунур.

Сэдэкъэ хуэбгуэшыну зыхуэфащэхэм я гугъу пщIымэ, мис ахэр:

__1. Iыхьлыхэм ящыщу зи Iуэху нэхъ хуэмыщIахэр.__

Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: *«Къулейсызым тыгъэ хуэщIыныр ар тыгъэ къудейщ, Iыхьлым (дэIэпыкъуныгъэ) етыныр ар Iуэхугъуитlщ - тыгъэ хуэщIынрэ (Iыхьлы зэпыщIэныгъэхэр) дэIыгъынрэщ*(Ат-Тирмизирэ Ахьмэдрэ къаIуэтэжащ).

__2. Зеиншэ Iыхьлыхэр.__

Алыхь ЛъапIэм КъурIэным щыжеIэ: *«Я Iыхьлыхэм ящыщу зеиншэхэр»* (Сурэ 90, Iэят 15-нэ).

__3. Гъунэгъухэр.__

Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) и щхьэгъусэ Айшэ щIэупщIащ сэдэкъэр хэт иратми нэхъыфIмэ. Абы и жэуапу кърит ащ: «Гъунэгъухэм». «О, Бегъымбар, сэ гъунэгъуитI сиIэщ, - пидзыжащ мыдрейми. Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) итIанэ жиIащ: «Зи бжэр уэ нэхъ пхуэгъунэгъум» (Iимам Аль-Бухъари къиIуэтэжащ).

__4. Къулейсызхэр (зимыIэхэмрэ хуэныкъуэхэмрэ).__

Къытщхьэщытым КъурIэным щыжеIэ: *«Е Iыхьэншэу къэна, имыIэныгъэмрэ хуэныкъуэныгъэмрэ бэлыхь трагъэлъу»* (Сурэ 90, Iэят 16-нэ).

__5. Сэдэкъэр епт хъунущ диныр зи фIэщ мыхъум, гуэныхь зытелъым.__

Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) жиIащ: *«Дыгъум хуэпщI гущIэгъу тыгъэм и гугъу пщIымэ, абы и фIыгъэкIэ (гущIэгъу тыгъэмкIэ) ар мыдыгъуэу къэнэнкIэ хъунущ. Зинэ зезыхьэм и гугъу пщIымэ, абы и фIыгъэкIэ зинэм пэIэщIэ зыхуищIынкIэ хъунщ. Къулейм и гугъу пщIымэ, абы и фIыгъэкIэ дерс къыхихыу Алыхьталэм къыхуигъэфэщам щыщ езыми тыгъэ ищIынкIэ хъунщ»* (Аль Бухъарирэ Муслимрэ къаIуэтэжащ).

Тхьэ Лъагэм жиIащ: *«Езыхэр хуэныкъуэ пэтми, абыхэм ерыскъы ират къулейсызым, зеиншэм, гъэрым»* (Сурэ 76, Iэят 8-нэ).

Бегъымбарым (Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным) хьэр псы езыгъэфам щхьэкIэ жиIащ: *«Псэ зыIут дэтхэнэ зым щхьэкIи тыгъэ хуэфащэщ»* (Ибн Маджирэ Ан-Насаирэ къаIуэтэжащ).

Хьэдисым и гугъу пщIымэ: *«Уи ерыскъыр псэхьэлэлхэм фIэкIа яIуремыхуэ»*, зи гугъу ищIыр сэдэкъэр зыхуэфащэ цIыху псэхьэлэлым Iэрыхьэмэ зэрынэхъыфIырщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, зи гугъу тщIахэм ящыщу сэдэкъэр нэхъ зыхуэфащэр - Iыхьлыхэрщ, итIанэ гъунэгъухэрщ.

1.17. Ислъамым и хабзэхэм хуит ящIыркъым дунейм ехыжам и Iыхьлыхэм щыгъуэ махуищым кърииубыдэу къахуэгузэвэну къэкIуахэр ягъэшхэну, сыту жыпIэмэ ар Ислъамым зыкIи епхакъым икIи лIам и Iыхьлыхэм апхуэдэ къалэн яIэкъым, псом ящхьэращи, хьэдэщIэлъхьэ Iуэхум къыщезэгъыркъым. Ар егъэлеиныгъэщ, Ислъамым имыгъэдахэу икIи дыуэщIым къыщемыкIу хьэщIагъэ зэрызэрахьэщ, нэхъыбэм фэрыщIагъыу.

__Гу зылъытапхъэ:__ Щыгъуэ махуэм щыщIидзэр цIыхур щылIам щегъэжьауэщ, атIэ хьэдэр щыщIалъхьаракъым.

1.18. Сэдэкъэ Iуэхугъуэхэр, гъэшхэныр ящI хъунукъым цIыхур дунейм щехыжам къыщыщIэдзауэ мы махуэхэм тегъэхуауэ: ещанэм (3), ебланэм (7), еплIыщIанэм (40), щэ ныкъуэрэ етIуанэм (52), илъэс ныкъуэм, илъэсым. А Iуэхугъуэр махуэ гуэрым тегъэхуэныр хьэдэщIэлъхьэм щыщкъым, абы ищIыIужкIэ Ислъамым къигъэувхэм хыхьэркъым.

АрщхьэкIэ муслъымэныр хуитщ сэдэкъэр езыр щыхуей махуэм и мылъкум къызэритIэсым елъытауэ ищIыну, щIыхуэ къимыщтэу, сыту жыпIэмэ сэдэкъэр Алыхь ЛъапIэм и цIэкIэ езыхэм яфIэфIу ялэжь Iуэхугъуэщ икIи къалэн щхьэхуэрэ мардэ гуэррэ иIэкъым.

1.19. ФIэкIыпIэншэу зэфIэгъэкIыпхъэу къэплъыт э хъунукъым «тохтатхан дыуэ» Iуэхугъуэр, Ислъамым къигъэувхэм зэращымыщым къыхэкIыу.

1.20. «КхъэдэкIыр» (нэгъуэщIу жыпIэмэ, махуэ 40 - 52-м кърииубыдэу лIам Iэмал имыIэу КъурIэн хуеджэныр) фIэкIыпIэншэу лэжьыпхъэхэм хэгъэхьэныр зыкIи къезэгъыркъым, ар Ислъамым къигъэувкъыми. Псом хуэмыдэ у хъунукъым абы папщIэ ахъшэ гуэр къеIыпхыну е птыну, Алыхьым и тыгъэр зэрамыщэм икIи къызэрамыщэхум къыхэкIыу.

1.21. Дунейм ехыжам и щыгъыныр, Ислъамым къызэригъэ увымкIэ, ептыж хъунукъым абы и щIэблэу щымытым. Ауэ щIэблэм а щыгъынхэр зэрахьэну хуэмеймэ, ахэр хуэныкъуэхэм хуагуэш хъунущ, Ислъамым ар къэзэрапимыубыдым къыхэкIыу.

КъищынэмыщIауэ, щыгъын къащэхуу ятыж хъунукъым, ар лIам ей хуэдэу.

1.22. ЦIыхухъухэр пыIэ ящхьэрымыгъыу дыуэщIым екIуалIэ хъунущ, ар Iэмал зимыIэу Ислъамым къызэримыгъэувым къыхэкIыу.

1.23. Ислъамым къызэригъэувымкIэ, цIыхубзхэр хьэдагъэм кIуэнкIэ Iэмал иIэкъым я IэпкълъэпкъыР зэрыщыту щIэзыхъумэ фэилъхьэ ящымыгъыу (къезэгъыркъым Iэщхьэ кIэщIыр, пщэ къихар, кIэ кIэщIыр, гъуэншэдж зэвыр), икIи я щхьэм хуэфэщэн IэлъэщI темылъу (лентI цIыкIуу е щхьэфIэпхыкI Iуэзу щымыту).

Мы унафэр Iэмал имыIэу Iимам псоми ягъэзэщIэн хуейщ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Шхыныгъуэхэр

ШэкIэ щIа мырамысэ

Шыауанымпсы иракIэри къагъэкъуалъэ, бэлагъкIэ зэIащIэурэ абы шэщIэмыкъ за хакIэри къагъавэ дакьикьи 2-3-кIэ. Шыгъу тIэкIуи хадзэ. Абы и ужькIэ а шэ къэкъуалъэм нартыхъ хьэжыгъэ хакIуэгри, мафIэщхъуэм тету дакьикъэ 20 - 25-рэ хуэдизкIэ ягъавэ. ИтIанэ мафIэр иращэх, шыуанащхьэр трапIэри, зззэмызэ бэлагъкIэ япщуэр хьэзыр хъуху дакьикьи 8 - 9-кIэ ягъажьэ. Мырамысэр хуабэу тепщэчым иралъхьэ, щхьэхъуу шейщIэткIэ шатэ е шатэкIэ щIа бжьныхыу шыпс дытрагъэувэ. Нэхъ щашх хабзэр пщэдджьыжыщ.

Халъхьэхэр *(цIыхуитху Iыхьэ):*

Нартыхъ хьжыгъэ ухэзыщIауэ - грамм 480-рэ

Псыуэ - грамм 420-рэ

Шэуэ - грамм 1500-рэ

Шыгъуу, шатэу е бжьныхыу шыпсу - узыхуейм хуэдиз.

ЖьэнфэнкIэ куда лъатэ гъэва

Лъатэм иралъхьэнур зэрагъэхьэзырыр: жьэнфэныр (гур, тхьэмбылыр, тхьэмщIыгъур, жьэжьейр, кIэтIий пшэрыр, щэ тхъурымбзр) псы щIыIэкIэ яIэх, тIэкIу ягъэжэнхъ, г 20 - 25-рэ хъуэу тыкъыр цIыкIуурэ яупщIатэ е лыхьжьым щIагъэкI. Абы бжьныщхъэ упщIэта, бжьныхыу, бурш, щыбжий сыр хьэжа, къуэнтхъурей, джэдгын, шыгъу халъхьэ икIи псори фIыуэ зэхагъэзэрыхь. ИтIанэ мэл е бжэн лъатэр салэкIэ тIэкIу ирабзэ, къызэрагъэдзэкIри илыр къарагъэу, псы щIыIэкIэ ялъэс, псывэм халъхьэри згъэзвэпхъ, кьыхахьжри сэкIэ ятхъунщI. Аргуэру ятхъэщI кьабзэ хъуухукIи, и псыгъуапIэ лъэныкъуэр кIэтIий псыгъэкIэ папхыкI. Лъатэ ирабзам жьэнфэн кьагъэхъэзырар иралъхьэри, мастэ-IуданэкIэ зэгуадэж. Ар псы хуабэм щIиГъанэу халъхьэ, зэ кьытрагъэкъуалъэри тхъурымбэр кьытрах, мафIэр цIыкIу ящI, шыгъу хадзэри и щхьэр тепIаэу хьэзыр хьуху ягъавэ. Абы сыхьэти 3 - 4 нэблагъэ ехь. Ва иужь лэпсым кьыхахьыж, тепщэчыщхуэм иралъхьэ, бахьэ пщтырыр ягъакIуэри Iыхьэ-Iыхьэурэ яупщIатэ. Iэнэм зэрыпщтырэ трагъэувэ. Пастэ хуабэр бжьныхыу шыпсрэ щхьэхъуэу дытрагъэувэ.

Халъхьэхэр *(цIыхуиЙ Iыхьэ):*

Мэл е бжэн лъатэу - 1

А тIум я зыш и жьэнфэныр

Щэ тхъурымбэу - кьикIар

Бжьныщхъэ укъэбзауэ - грамм 1400-рэ

Бжьныхыу укъэбзауэ - грамм 50

Къуэнтхъурейуэ - грамм 50

Шыгъуу, шыбжий сыр хьжауэ, бурш, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

●Фэ фщIэрэ?

Псэлъафэхэм къарыкIыр

Псым хэмыхьэу бдзэжьей ишхын фIэфIщ

Гугъу зрамыгъэхьу - «мыпщIантIэу тхъэн хьилагъэр дин зыхъэхъуахъэм» ятеухуауэ.

Псыпэр зэрыжьэм псыкIэри ирокъэ

Гъэсэныгъэм ехьэлIауэ нэхъ къагъэсэбэп хабзэ псэлъафэщ: бынхэр (нэхъыщIэхэр) я адэ-анэхэм (нэхъыжьхэм) эдоплъей, я щапхъэм ирогъуазэ, абыхэм я лъэужьыр езыхэми яху.

Ямыгъэпсалъэ яукIыркъым

ЦIыхур и щхьэ къыщIхьэщыпсэлъыкIыну, къызыщхьэщыжьжьыну, зыхуэзыуэчылыжьыну хуитщ.

Щхьэ хъуийм и лажьэр щхьэ псом ищIэркъым

НэгъуэщIым и щхьэ къыльысар, игъэвыр - и Iуэху зыIутыр зэхэзымыщIыкIхэм яхуэгъэзэ псэлъафэщ.

Пхъэ щакъутэм къузщIий щолъей

Щыуагъиныкъуасныгъи къыхэмыкIыу, зыгуэри хэмыкIуадэу мыхъэнэшхуэ дыдэ зиIэ Iуэху зэфIэкIыркъым. Щыуагъэ,ныкъуасныгъэ, н. къ. Iуэхум и мыхьэнэм и гугъу зэрамыщIыр я фIэщ щыхъум дежь къапсэгъ.

ЩАУЭ Къэлидар.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

●Адыгэ пащтыхьхэр

Тумэнбей

(1516 - 1517)

ТУМЭНБЕЙ шэрджэс пащтыхьхэм я иужьрейщ. Хьэрыпхэм абы и цIэр «Туманбай»-уэ ятх. Кьанщауэ Гъур «Маржэ дэIэпыкъу» деж щекIуэкIа зауэм хэкIуэдауэ ккы-зэращIу, Тумэнбей пащтыхьэ трагъэуващ. Ар езыр Кьанщауэ Гъур и кIуэшым и кIуэщ. Кавказым кьиэшыа сатуущым и деж кьыщищэхуащ Кьеит-бей, Кьеит-бей и кIуэ Насир щхьэщэхупщэ щIитри, хуит кьиищащ. АдэкIи кIуэлыкъукIэ драгъэкIуэтейуэрэ Гъурым и пащтыхьыгуэм увыпIэшхуэ щызыIэри-гъэхьащ, итIанэ пащтыхь кьуэдзэ хьуащ, лащтыхьыр екьэмэ, езыр абы и пIэкIэ кьиГъанэу. А увыпIэр иныгъащ Тумэнбей, Гъурыр тырку сультIан Сэлим и дзэм пэщIэувэну щокьам щыгъуи, Гъурыр кьэтыхукIэ, Тумэнбей къэралыр зыхуей хуигъэзащ, щыхубэр хьунщIакIуэхэм ящихьумащ. Кьанщауэ зауэм кьыщащкIауэ кьыззращIу, псори зэдзаэрэзыуэ Тумэнбей пащтыхь тахьтэм трагъэтIысхьащ.

Тумэнбей пащтыхьхыр псом япэу зыпэщIэувар кьебгъэрыкIуэ уэсэмныдзэр кьэгъэвыIэныщ. Абы пэщIэувэну зигъэжьэзыррэ пэт, сультIан Сэлим I кьыбгъэдэкI мы тхылъыр кьиIэрыхьащ: «...СультIан Сэлим Хьан, щIыми хьыми я сультIан, сультIан Баязид Хьан и кIуэм деж кьикIыу, Шэрдж эс Тумэнбей деж кIу э тхьылъ. Тхьэм фIыщIэ зэу хуэщI. АдэкIэ Тхьэм уэ хьиф кьыхэуищIащ Кьухьэпlэмрэ Кьуэкьыпlэмрэ я зэхуаку дэль щIым сыщытепщэн хуейуэ, бжьакъуитI зытет Александр зэрихубгъэуэ щыгъан ик зэ хуэзыу. Ди лыгъэ лъэщIым лъэкIащ Iсмэхьил Шах дгъэкIуэдыну, зызыгъэпагъ Кьанщауэ э Гъур джарурым, хьэжы щIыныр кьыттпэзыубыдыу щытам, хуэфащэр епщIэну, иджы кьытху эн эжар уэращ. Уэ игъэнэгъу бжIыг, Тхьэ уэ лъапIэр кьыщдэIэпыкъунщ уэри и лъэблэкьыр уэрщIэныжмкIэ. Ди гущIэгъу ухуейм - мэждкьитхэм ди цIэр щыгъэIу, ахьшэр ди цIэкIэ тедзэ, Мысырым гъэззэки, абы щыIэ уи шэрджэсхэр эзэтекIэ, фи цIыхубз уэндэгъуэм я ныбжь кьиигъу. КьакIуи, ди бжаблэм гъьзэтIуи Тхьэ кьыгъ ху эIуэ, ди жьIэм ущIэтыну. Армыхьумэ...».

Тумэнбей тхылъым кьыззредджу губжьри, сультIан Сэлим пэувыну мурад ищIащ, и пащтыхьыгъуэрэ и мылькури ихьмэну трIубдащ. И дзэр иришажьэри, Ридание дежь щIитIкьыщIтIри зигъэбыдащ.

А щIытIым дзэри дзэпщхэри жэщи-махуи кьыщдэмыкIыу дэтын хуейуэ унафэ ищIарэ пэт, дзэпщхэм махуэм зыкьагъэгуагъэпу, кьольэ, абы зыкъырамыгъэубыду пщIантIэр кьажьыхьри, гуи дольеиж. Языныкъуэхэм деж нэхъ бзаджэхэм я щхьэр ищIагъэныу гуи зыкьрагъэлэлэх, зэми я щхьэр щыIам ирагъэIуэсэ. Апхуэдэм деж Iэхьуэр кьэсрэ абы кьеIуэсэмэ, кьауIаУэ аращи, кьауIаР Iэхьуэ мэхъури, мыдрейр гум исхэм яхьэхь.

Кьэхъурт гум ис псори зэгуРыIуэу кьеIльэрэ Iэхьуэм зэ зым, зэми адрейм кьыкIэпъижьыхьурэ зыри кьыхуэзымыIуэ гум щитIысхьэж. Апхуэдэм щыгъэ Iэхъуэр псоми зэгуагъэпыр т: «Ятедыкъыхьащ», - жаIэурэ.

МАФЭДЗ Сэрэбий.

Дунейм къытебнэр уи напэщ

●Псалъэжьхэр

♦Бзэр IэфIмэ, дэIуэгъу и куэдщ.

♦Щапхъэ зыгъэлъагъуэ ныбжьэгъуншэ хъуркъым.

♦ЩынфIэм фIыщIэ кьехьри, щэныншэм емыкIыр и хьэзырщ.

♦Ер зыщIэм фIыр щыгъупщэжащ.

♦Кьулейм кьуэлэну илъагъур кьулейсызым фагъуэу кьыфIощI.

♦Дунейм къытебнэр уи напэщ.

♦ЗыдыгъэлIам и лIыгъэр гулыгъэншэу кьонэ.

♦Щыгъэрахъэм хьилагъэ, щымыIэж пжьигъэ.

♦Нэмысым и кьежьанIэр гъэсэныгъэщ.

АФЭЩIАГЪУЭ Iэнас.

Налшык къалэ.

Апхуэдэу къыщыщIэкIым...

●Гупсысэр - псалъэкIэ

ШхапIэм щIэт стIолхэм ущыбгъэдэтIысхьэкIэ, плъагъун хуэдэу IуплъапIэм деж «Фадэ щрагъэфэрхьым» жиIэу тет щхьэкIэ, «СтIол лъабжьэм ущефэ хьунукъым», - жиIэу зыщIыпIэ дежи зэрытемытхар кьиГъэсэбэпырт абы.

* * *

А щIалэм Iитlкlэ сэлам кьыщызихым, «сыкьулыкьущIэ гуэр игугъауэ пIэрэ мыбы?» - жьIсIэрт сигукIэ, ауэ сызэрымыкьулыкьущIэр ищIэу кьыщыщIэкIым ззэгъэцIыхуащ.

* * *

Ар санаторэм кьыщыщIэкIыжым зы цIыху кьэнатхьым гуфIэу кьезымыгъэжьэж, кьызэрыщIэкIыжьр апхуэдизу гуапащэ ящы-хъуатэ.

И кьулыкьуэр Iэщ1экIынкIэ щыщынэм и дежщ абы ныбжьэгъу зэрилэр игу кьыщыкIыжьр.

ЖЫЛАУ Нурбий.

●Хъуэхъуэхэр

Къумахуэ Болэтрэ Клишинэ Нинэрэ унагъуэ лъэщ фIыхъуну дыныводхъуэхъу

ЗэгурыIуэрэ лъагъуныгъэрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэ, сабий дыхъэшх макъыр жьгъырууэ щыIу, зи жьэгур мыужьых, беягъыр щызекIуэ, зи Iэнэгур берычэт унагъуэ гъэщ фыхъуну, фи насыпыр щызу, фи Iуэху зехьэкIэрэ щыIуу хэтыкIэкIэ фIыцIэрыIуэу гъащIэ дахэ зэдефхьэкIыну псэуэгъу зэхуэхъуа ныбжьыщIитIым дыныводхъуэхъурИ, мурадыфIрэ хъуэпсапIэу фи гум ильыр Тхьэм кьыфхуищIэ.

ЩIэ кьыфхуэзыщI, фIыуэ фыкьэзытыагъу фи ныбжьэгъуэхр.

Тэрч куейм хыхьэ Курп Идыхьэрэ кьуэхэм щыпсэу Унэж Мэрят Владимир и пхъур щыщIалъхуа махуэщ, ильэс 20 ирокIу

Зи гумащIагъымрэ гуапагъэмрэ гъунэ эимыIэ, гукIи псэкIи фIыуэ тIыгъэу ди пщащэм, шыпхъу закьуэм уи мурад дахэхэр кьохьуIэу, уузыншэу, унасыпыфIэу, ууфIэрэ угушхуэу ильэс куэдкIэ упсэну ди гуапэщ. ФIыгъуэу щыIэмкIэ Тхьэр кьыпхуэупсэ!

Уи адэ Владимир, уи анэ Зое, уи дэлъхуэхэу Заур, Мэрэм.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5.** Тэрч районым хиубыдэ къуажэ. **7.** Дэрбзэр Iэмэпсымэ. **12.** Къуалэбзу къуэлэн дахэ, пэ псыгъуэ къуаншэ кIыхь пыту. **13.** Адыгэ тхакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ. **14.** Щыгъэ лъапIэ къызыхащIыкIыр араш. **15.** Маухуэ. **19.** Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьлIэ блэ абрагъуэ. **20.** Къэлытмакъым нэгъуэщIу зэреджэ. **22.** НысащIэр япэу и дыщ щIэж. **25.** Кавказым щыпсэу нэхъ лъэпкъышхуэхэм ящыщ.**26.** УимыIуэху зепхуэмэ, ар уи щхьэм кьытехуэнкIэ хъунщ. **27.** Зи кIуэцIыр нэщI, купщIэ зэрымыль. **29.** ЦIыху гъум кIэщI хэщIыхьа. **30.** «ПыIэ ... пIыфэм уи фэр изощIри, бжэр ныз эIуэдзыр ...» - Къэжэр Индрис и уэрэд цIэрыIуэм щыщщ. **32.** Удз IуэжькIуэгъу. Нэхъапэм адыгэ бзылъхугъэхэм ар къагъэсэбэнурэ Iэбжьанэхэр, Iэпхъуамбэхэр плъыжьдахэу ирагIэу щытащ. **34.** МафIэр ину щылэдыдейкIэ кьыпех. **36.** ЦIыху щэныфIэ, сабыр, зэтет. **39.** Хадзэкl. **40.** Iэзэу нэщанэ еуэ. **41.** ... вакъэ. **43.** Къалэ уэрамхэм куэду узыщрихьэлIэ, цIыхум кьыщымышынэу гъунэгъэуу кьыбгъэдыхьэ къуалэбзу.

ЕкIуэкIыу: **1.** Балькъ. **4.** Гъунэгъу. **6.** Арджэн. **11.** Къэрмокъуэ. **12.** Iупэщабэ. **16.** Кьанж. **17.** Санэ. **18.** Кумё.**19.** Пкъы. **20.** Гъунэ. **21.** Выид. **23.** Урыху. **24.** Умэ. **26.**Щэращ. **28.** Iупщ. **32.** Тхьэрыкъуэф. **33.** Къагъырмэс.**36.** Адэ. **37.** Сэшхуэ. **38.** Ету. **41.** Хьэлькъ. **42.**Залэ. **43.** Пшэ. **45.** Аму. **46.**Гудэ. **48.**Жинт. **52.** Мадхуэ.**53.** Iэрпхъуэр. **54.** Къэбыстэ. **57.** Зеущэ. **59.** Гъубжэ, **60.**Шыпхъу.

Къехму: **1.** Бо. **2.** Кьанкъущ. **3.** Гъудж. **4.** Гъунапкъэ.**5.** Гъуо. **7.** Чэнж.**8.** Iупшм.**9.** Аццкан.**10.** Къубас. **13.** «Насыпэ». **14.** Хьэкъыр, **15.** Инжьыдж. **22.** Ду. **23.** Ущ. **25.** Мурад. **26.** Щхьэпс. **27.** ЩтапIэ. **29.** Порыт. **30.** Щхьэ. **31.**Чэф. **34.**Ащомэз. **35.** Щэрий. **36.** Ахъ.**39.** Уэ. **40.** Уцхуэ. **44.** Шхэпс. **47.** Дзэмыхь. **49.** Тхьэв. **50.** Тхьэбзэ. **51.** Щхьэгуэш. **52.** Матэ. **55.** Ауэ. **56.**Егъу. **58.** Тхьу.

ФокIадэм и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Балькъ. **4.** Гъунэгъу. **6.** Арджэн. **11.** Къэрмокъуэ. **12.** Iупэщабэ. **16.** Кьанж. **17.** Санэ. **18.** Кумё.**19.** Пкъы. **20.** Гъунэ. **21.** Выид. **23.** Урыху. **24.** Умэ. **26.**Щэращ. **28.** Iупщ. **32.** Тхьэрыкъуэф. **33.** Къагъырмэс.**36.** Адэ. **37.** Сэшхуэ. **38.** Ету. **41.** Хьэлькъ. **42.**Залэ. **43.** Пшэ. **45.** Аму. **46.**Гудэ. **48.**Жинт. **52.** Мадхуэ.**53.** Iэрпхъуэр. **54.** Къэбыстэ. **57.** Зеущэ. **59.** Гъубжэ, **60.**Шыпхъу.

Къехму: **1.** Бо. **2.** Кьанкъущ. **3.** Гъудж. **4.** Гъунапкъэ.**5.** Гъуо. **7.** Чэнж.**8.** Iупшм.**9.** Аццкан.**10.** Къубас. **13.** «Насыпэ». **14.** Хьэкъыр, **15.** Инжьыдж. **22.** Ду. **23.** Ущ. **25.** Мурад. **26.** Щхьэпс. **27.** ЩтапIэ. **29.** Порыт. **30.** Щхьэ. **31.**Чэф. **34.**Ащомэз. **35.** Щэрий. **36.** Ахъ.**39.** Уэ. **40.** Уцхуэ. **44.** Шхэпс. **47.** Дзэмыхь. **49.** Тхьэв. **50.** Тхьэбзэ. **51.** Щхьэгуэш. **52.** Матэ. **55.** Ауэ. **56.**Егъу. **58.** Тхьу.

●Фэ фщIэрэ?

Псэлъафэхэм къарыкIыр

Псым хэмыхьэу бдзэжьей ишхын фIэфIщ

Гугъу зрамыгъэхьу - «мыпщIантIэу тхъэн хьилагъэр дин зыхъэхъуахъэм» ятеухуауэ.

Псыпэр зэрыжьэм псыкIэри ирокъэ

Гъэсэныгъэм ехьэлIауэ нэхъ къагъэсэбэп хабзэ псэлъафэщ: бынхэр (нэхъыщIэхэр) я адэ-анэхэм (нэхъыжьхэм) эдоплъей, я щапхъэм ирогъуазэ, абыхэм я лъэужьыр езыхэми яху.

Ямыгъэпсалъэ яукIыркъым

ЦIыхур и щхьэ къыщIхьэщыпсэлъыкIыну, къызыщхьэщыжьжьыну, зыхуэзыуэчылыжьыну хуитщ.

Щхьэ хъуийм и лажьэр щхьэ псом ищIэркъым

НэгъуэщIым и щхьэ кьыльысар, игъэвыр - и Iуэху зыIутыр зэхэзымыщIыкIхэм яхуэгъэзэ псэлъафэщ.

Пхъэ щакъутэм къузщIий щолъей

Щыуагъиныкъуасныгъи къыхэмыкIыу, зыгуэри хэмыкIуадэу мыхъэнэшхуэ дыдэ зиIэ Iуэху зэфIэкIыркъым. Щыуагъэ,ныкъуасныгъэ, н. къ. Iуэхум и мыхьэнэм и гугъу зэрамыщIыр я фIэщ щыхъум деж къапсэгъ.

ЩАУЭ Къэлидар.

Дунейм къытебнэр уи напэщ

●Псалъэжьхэр

♦Бзэр IэфIмэ, дэIуэгъу и куэдщ.

♦Щапхъэ зыгъэлъагъуэ ныбжьэгъуншэ хъуркъым.

♦ЩынфIэм фIыщIэ кьехьри, щэныншэм емыкIыр и хьэзырщ.

♦Ер зыщIэм фIыр щыгъупщэжащ.

♦Кьулейм кьуэлэну илъагъур кьулейсызым фагъуэу кьыфIощI.

♦Дунейм къытебнэр уи напэщ.

♦ЗыдыгъэлIам и лIыгъэр гулыгъэншэу кьонэ.

♦ЩыгъэрахъэМ хьилагъэ, щымыIэж пжьигъэ.

♦Нэмысым и кьежьанIэр гъэсэныгъэщ.

АФЭЩIАГЪУЭ Iэнас.

Налшык къалэ.

●ГушыIэхэр

Сышхэркъым

Зэдэлажьэ щIалэхэм я щэджагъуашхэр кьэсати, я гъуэгэ кьыгъэзыуэ:

- Инал, къэуш, зэманыр иэсащ, щэджагъуашхэ накIуэ.

- Хьэуэ, фэ фыкIуэ, сэ ноб-бэ сымышхэу сылэжьынущ!

ТIум зыщхьэх къыхэфх

ФэтIыркъ иIыгъыу, сабий садым кьрашыж щIалэ цIыкIур троллейбусым итIысхьати, лэжьэгъуэ махуэр яухауэ, зэхэуэкIауэ уиэм кIуэж балигъ къомым нэжэгужэу яхэпльэри:

- НтIэ, ныбжьэгъуэх, туэмэн зырыз кьривгъэкIуэну, хьэмэрэ си концертым щIэздзэну? - жиIащ.

Дэтхэрэ уэзгъэлъагъунур?

ЩIалэ цIыкIум и адэм зыхуеГъаэ:

- Папэ, цIыхуухъу нэсыр сыт хуэдэ щытыкIэми зэпIэзэрыгъу кьэкIыфыр пэж?

- НтIэ.

- Уэ уцIыхуухъу нэс?

- НтIэ.

- АтIэ си дневникра хьэмэрэ мамэ и бостеИщIэра япэу узэрэзыльагъунур?

* * *

И кьулыкьуэр Iэщ1экIынкIэ щышынэм и дежщ абы ныбжьэгъу зэрилэр игу кьыщыкIыжьр.

ЖЫЛАУ Нурбий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ЭХТЭХР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэхабзэмкIэ - 42-75-36;обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэуэ Iуэхущ1ап1эхэм ядзлъжьнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писымоэмкIэ - 42-22-88; егъэжьнигъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я ножагъэмкIэ аэр зытхаэм изэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэныту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьанар и щIэ дольщ федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

КЪБР-м

Газетым 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КЪБР, Налшык къалэ, Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджьыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.)* **ПкытIыкI Юрэ** *(1, 2, 4-нэ нап.), корректорэм я дзIныкъуэгъу* **Мазрэкьан Фатимэ.** ***Компьютерхэр газетым и теплъэр ящIащ*** **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жанпщ.**

Номеру "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 8.878● Заказ №3360